

Yon lidè nan Bèlè

Federico Neiburg | Natacha Nicaise | Pedro Braum

Programme d'Etudes Supérieures en Anthropologie Sociale
Centre de Recherches en Culture et en Economie
Musée National – UFRJ

Institut Interuniversitaire de Recherche et de Développement – INURED

Viva Rio

Dawout 2011

Ekip: Federico Neiburg, Natacha Nicaise, Pedro Braum Azevedo da Silveira, Hérold Saint Joie,
Sergo Louis Jean, Jonhy Fontaine ak Handerson Joseph.

Plan

I. Komansman.....	3
II. Idantite yon lidè	9
1. Laj	11
2. Kote li fèt.....	12
3. Nan ki nivo lekòl li rive	13
4. Ki metye fanmi yo.....	13
5. Fanmi, fanm ak gason, kote li rete	14
III. Kisa ki fè fòs yon lidè.....	Erro! Indicador não definido.
1. Baz ak Zòn	Erro! Indicador não definido.
2. Organizasyon ak Resous	Erro! Indicador não definido.
3. Politik nasyonal ak èd entènasyonal.....	Erro! Indicador não definido.
IV. Lavi lidè yo	Erro! Indicador não definido.
1. Lidè fanm.....	Erro! Indicador não definido.
2. Yon nèg ak zam	Erro! Indicador não definido.
3. Kalifikasyon ak Jenès	Erro! Indicador não definido.
4. Politik ak Developman	Erro! Indicador não definido.
5. Soti nan lagè pou rive nan lapè	Erro! Indicador não definido.
V. Fen	Erro! Indicador não definido.
VI. Foto	Erro! Indicador não definido.
VII. Sous.....	Erro! Indicador não definido.

I. Komansman

Bèlè se youn nan pi ansyen katye nan Pòtoprens. Li nan zòn anba laval, tou prè Palè Nasyonal, Chan Mas, katedral, dwann ak pi gwo mache ki genyen nan vil la. Nan XXe syèk, abitan Bèlè yo se te yon klas mwayèn kote genyen machann, moun kap travay ak tèt yo, fonksyonè ak atis. Apati de 1970, anviwònman sosyal ak geografik la komanse chanje. Sa sòti nan pwoblèm ansyen sistèm agrikilti a : anpil peyzan sòti nan mòn pou yo vin rete Pòtoprens. Sa fè kantite abitan yo vin ogmante, ki vin bay pwoblèm jan moun ap bati kay ki te deja frajil nan vil la e vin genyen nouvo katye tankou La Saline, Fòtouron, Fort Dimanche, Pont-Rouge, Warf Jérémie ki debouche sou komin Site Soley. Nivo vi moun yo bese e katye sa yo tounen « katye popilè », « ekonomi enfòmèl », « anviwònman kritik » ak « vyolans ».¹

Resansman ki te fèt nan lane 2007 pa organazyon brezilyen ki rele Viva Rio montre limit katye Bèlè a men avèk sa yo rele « Gran Bèlè » a ki genyen tout zòn vwazen tankou Pòtay Sen Joseph, Tokyo, Delmas 2 ak Solino, San Maten, Bèlè, Fò Nasyonal-Bastia (gade kat la). Se sèl resansman sa ki bay enfòmasyon sou popilasyon zòn sa. Genyen plis pase 100.000 moun kap viv nan Gran Bèlè. Pi fò gran moun ki rete nan zòn sa yo se vini yo vini sòt nan mòn, apre sa yo fè pitit.

Resansman montre tou yon mouvman dramatik ki te genyen nan popilasyon an nan lane 2004 a 2006 : 43,5% nan plis pase 6.000 moun yo poze kestyón, yo te kite zòn sa ; sou 10 fanmi, 6 te voye pitit yo ki pat genyen 17 lane yon lòt kote.

Pwoblèm sa rive depi te genyen anpil *vyolans* politik ki te fòse Prezidan Jean Bertrand Aristide kite peyi a nan mwa fevriye 2004. Prezidan Aristide fèt nan sid Ayiti men li grandi Bèlè, ‘*se la li fèt*’ (se yon ekspresyon, nap tounen sou ekspresyon sa pita). Se la li genyen baz li tou.² Bèlè se te teren pou batay ant patizan ak advèsè Aristide yo, men Bèlè se te premye zòn kote Misyon Nasyon Zini yo te debake an Ayiti (MINUSTAH).³ Jan yo montre nan plan ‘misyon stabilizasyon’ ONU, bò kote operasyon militè yo, genyen yon pwogram « Désarmement,

¹ Enfòmasyon ki genyen sou popilasyon zòn Pòtoprens lan montre kijan popilasyon zòn sa yo grandi ; yo pi plis pase mwayèn nasyonal la. 1950 : 143.594 moun ; 1971: 493.983 moun ; 1982: 719.617 moun ; 2009 : 2,5 milion moun. Youn nan pi bon prezantasyon sou transfòmasyon sosyal kèk zòn nan katye Bèlè a depi 10 denyè lane yo se roman *Adieu mon frère* d’Edwige Danticat (2008). Gade tou Nascimento ak Thomaz, 2006.

² Aristide te pè nan Salésien e te preche nan legliz Sen Jean Bosco nan La Saline. Nou pral wè pita nan rechèch la wòl ak enpòtans Pè ak Sè Salésien yo nan fòmasyon jèn lidè Bèlè yo.

Genyen nan yo tou ki fè etid nan inivèsite, tankou Aristide, ki diplome nan Inivèsite Leta d’Ayiti. Non sèlman li fonde Mouvman *Fanmi Lavals*, men Aristide te prezidan Ayiti de fwa : nan lane 1991, li te fè premye manda li apre karant lane diktati Duvalier yo (François epi Jean-Claude). Premye gouvènman li (nan lane 1991) pase sèlman 7 mwa sou pouvwa. Apre sa, li tonbe sou kou deta lame d’Ayiti.

Twa lane apre, Aristide tounen sou pouvwa ak lèd militè ameriken yo ki te pèmèt li fini manda 1 (1994-1996). Senk lane apre, Aristide tounen prezidan Ayiti jiska 2004 kote li oblige kite peyi a apre anpil vyolans ki vin bay yon entèvansyon militè etranje (dirije pa Eta Zini yo, Lafraans ak Canada).

³ Rezolisyon ki bay MINUSTAH ki vote pa Konsey Sekirite ONU nan mwa avril 2004, de mwa apre yo rive nan peyi a. Ayiti se premye peyi nan Karaib la ki genyen Kas Ble.

Démobilisation et Réintégration » (DDR) ki te komanse ak moun ki te patisipe nan konfli ak zam. Zòn ki te genyen pwogram DDR la yo te rele yo *zones chaudes* nan Pòtoprens : Site Soley, Kfou Fey, Matisan ak Bèlè.⁴

Nan mwa me 2007, 12 « lidè kominotè » Bèlè te siyen yon Akò pou Lapè nan tèt kole ak de enstitisyon : la Commission Nationale de Désarmement, de Démobilisation et de Réinsertion (CNDDR) ak Viva Rio (VR) (foto)⁵. CNDDR te kreye yon lane anvan ke pwogram DDR yo pase nan men Leta Ayisyen. Pwogram sa yo te sou kontwol Ajans Sivil ONU depi lane 2004. Viva Rio te rive an Ayiti nan mèm lane 2004 la ; se te Ajans DDR la ki te mande sa. Epi tou, pozisyon Bèlè (katye popilè, politik, istorik) pouse Viva Rio pou fè lòt pwoje nan zòn nan tankou sante, asènisman, dlo, jestyon konfli, fòmasyon (spò, ar, enfòmatik). Sa vin fasilite entèvansyon pwosesus stabilizasyon an ki tap chèche depi lontan mete aksyon nan « developman » ak « sekirite ».⁶

Nan lane 2009 avèk enstalasyon Sant Kominotè *Kay Nou*, yon espas ki mezire 25.000m² nan zòn Gran Bèlè, Viva Rio vin genyen yon prezans pi enpòtan. Prezans li vin pi fò toujou apre tranbleman de tè a ki te frape peyi a jou 12 janvy 2010 (sitou anba lavil). *Kay Nou* se te premye kan refijye. Apre sa, li tounen yon sant pou asiste moun ki viktim. Jodia, genyen preske 1.000 moun ki anplwaye nan pwoje organizasyon sa nan zòn nan. Viva Rio vin yon sous enpòtan ki deplwaye chak jou aksyon ak repons pou popilasyon an. Li travay ak lidè e organizasyon nan zòn nan tou.

Akò de Pè yo renouvele chak lane, nan mwa me. Kantite moun ki siyen yo ogmante anpil chak lane : te genyen 12 ki te siyen nan lane 2007, 77 siyen nan Akò de Pè IV nan lane 2010.⁷ Avèk zòn yo kap develope, kantite lidè yo vin ap ogmante : lidè reprezantan tout sèktè. Epi tou, imaj lidè yo vin chanje tankou jèn, fanm, e yo vin leve nivo fòmasyon lidè yo.⁸

⁴ Pwogram DDR la te kreye nan lane 1989. Yo te mete 1 sou pye an Ayiti apre entèvansyon nan lane 1994 ki te mene Prezidan Aristide sou pouvwa. Ofisyèlman, yo te di objektif la se : « Dismantlement of armed groups and reintegration of hard core members; Building the capacity of state actors and communities into a mutually reinforced partnership; Development of mechanisms for dialogue and conflict management at the community level; Support to community recovery, creating opportunities for the voluntary surrender of weapons; e Strengthen and support the implementation of the legal framework to reinforce control measures against the proliferation of small arms. UNDDR, Country Programs, Haiti, <http://www.unddr.org/countryprogrammes.php?c=80>.

Pou kapab genyen yon lide sou « dezyèm jenerasyon » patisipan nan pwogram DDR la an Ayiti depi 2004, gade Muggah 2005 ak http://unddr.org/docs/2GDDR_ENG_WITH_COVER.pdf.

⁵ Ak lidè ki siyen e reprezantan enstitisyon patniè yo (CNDDR ak Viva Rio) nan seremoni pou siyen Akò a, Minustah ak PNH te preznan. @cheke foto@

⁶ Pou genyen yon lide sou tout strateji ak inisyativ Viva Rio nan Bèlè nan domèn stabilizasyon ak rekonstriksyon apre konfli yo, gade Moestue ak Muggah, 2009.

⁷ Kék tan apre travay rechêch sa sou teren an, Akò Lapè V te siyen nan mwa me 2011 pa 105 lidè.

⁸ Akò IV te siyen pa reprezantan zòn Gran Bèlè a ki se : Sen Maten, Delmas 2, Bèlè, Solino, Fò Nasyonal-Bastia, La Saline-Fòtouron, Pont Rouge-Fort Dimanche- Warf Jérémie. Sèl gason yo te siyen premye ak dezyèm Akò yo, men fanm yo vin rive nan siyati twazyèm ak katriyèm Akò yo.

⁹ Gade Rubem Cesar Fernandes (kèk liv), Mugahh, UNDDR.

¹⁰ Pwogram DDR la di konsa ke « la négociation et l'identification des bénéficiaires du programme est de la responsabilité de l'État (ie. la CNDDR) » epi tou ke « les principaux leaders de gang recherchés par la Police ne peuvent être intégrés au programme DDR » (UNDDR 2006).

Viva Rio te mande pou fè rechèch sa pou n konprann kisa sa vle di yon lidè kominotè nan Bèlè. Se yon kestyion kle pou politik entèvansyon sosyal la nan zòn sa ki mete pwoblematik pwogram dezameman ak reyensèsyon jan ONU defini l la : kijan pwozesus sa prezante lidè ki genyen zam oubyen ki te patisipe nan lit ak zam ? Kiyès ki merite kondane e koman moun ki aksepte dezame tèt yo ak tout volonte pa yo kapab reyensere ?

Dapre anpil moun spesyalist sou “sitiason apre konfli” e dapre rapò Nasyon Zini yo⁹, ka Ayiti a diferan paske gwoup ki te an konfli yo te kanpe sou batay la ; sa vin fè konfli yo vin gaye ant baz ak baz. Dapre mèm rapò sa yo, repons sou kestyion sa yo dwe sòti nan bouch « moun ki konsène yo ». Nan plizyè ka, sou kiyès ki ka reyensere e kiyès ki dwe jije. Se yon pwoblèm ki pou rezoud sou teren an.¹⁰

Se yon kestyion ki nan bouch moun Bèlè chak jou. Pa ekzanp, yo toujou ap pale de *rechèche*, ki vle di moun polis ak ONU ap chèche pou arete l. Oubyen yon lòt mo ki se *reyentegre* ke yo itilize pou pale de moun ki depoze zam ak volonte yo, yo se sitwayen tankou tout moun. Genyen ladann yo jan nou te wè, yo pran fòmasyon sou lidèship ak rezolisyon konfli (kou sa yo se ajans entènasyonal yo ou ONG ki bay yo). Jodia, yo vin tankou « pwofesyonèl nan developman ». Sa te vin fè yo te akize pwogram DDR la tankou yap « negosye ak bandi ». Apre sa, yo vin akize CNDDR, epi Viva Rio tou, men kritik sa se te pou tout enstitisyon kap travay nan domèn dezameman.¹¹

Non sèlman pwoblèm politik ak juridik, men rechèch la te wè tou stigmatizasyon ki genyen nan zòn nan sou abitan yo. Malgre ke kantite aksyon vyolans (mò pa bal) yo diminue depi dènye lane sa yo¹², sitiason sosyal, ekonomik ak sekirite Bèlè toujou rete frajil. Yo toujou montre ke zòn nan pòv, pa genyen bèl kay, toujou sal, e yo toujou montre moun Bèlè yo vyolan.¹³ Sa vin ankouraje yon tanperaman menas ak *dezòd*, ki vin bay yon melanj aksyon politik ak kriminel paske genyen kèk lidè nan zòn nan ki, souvan se bandi yo ye oubyen yo tounen bandi – lidè ki genyen zam oubyen ki genyen zanmi yo ki genyen zam.

Identifikasiyon sa yo mèm kote ak anpil diskisyon ak deba biblik ki pa gade sèlman politik integrasyon lidè ak zam nan sitiason « apre konfli » men ki gade pito sou « mizè ak vyolans » nan yon ka tankou Ayiti kote genyen « absans » oubyen « feblès » Leta. Nan diskou sa tou,

¹¹ Mèm moun sa yo ki akize pwogram DDR yo ki fèt nan zòn Bèlè ak Site Soley, yo di ke pwogram sa pa « efikas » paske « zam yo toujou la, yo sere yo ».

¹² Sou enfòmasyon sou viktim ak vyolans nan Bèlè, gade Fernandes ak Nascimento 2007. Sou yon pi bon konsta de Viva Rio avèk pwoje *Bèlè Vèt*, gade Moestue ak Mugagh, 2009.

¹³ Definisyon logik sa nan Neiburg ak Nicaise 2010.

absans resous ak enstitisyon yo vin bay yon sosyete ak sitwayen « prédateurs » pi fasil pou « koronpi » tonbe nan « ilegalite » ak « vyolans ». Vizyon sa limite. Li pa genyen ase enfòmasyon e lide yo vin fo. Solisyon yo vin dwat e gauch (konfizyon). Pozisyon moral ak politik vin ogmante pwoblèm stigmatizasyon an.¹⁴

Diskou stigmatizasyon sa jwenn opozisyon nan moun ki vle prezante eksperyans sosyal ‘lokal’ yo. Moun sa yo mete sije vyolans la sou kote pou montre vi sosyal ayisyen yo, sitou nan mouvman asosyasyon yo ak wòl lidè yo nan kèk inisyativ « tradisyonèl » yo.¹⁵ Men diskou sa fè anpil pale e fè mouvman asosyasyon yo pa ka mache. Men mouvman sa yo sòti nan sosyete a chak jou e sòti nan Leta ak nan kominote entènasyonal la tou. Moun ki konsidere tradisyon organizasyon de baz yo tankou « vre demokrasi » nan peyi a¹⁶, yo pa panse ke tradisyon sa tou se kote moun ap mete sou pye yon yerarchi, yon pouvwa, se kote kèk moun (lidè) kapab develope aktivite mediasyon nan mitan yo, kote yo planifye wòl chak moun ak chak resous.

Tout sa ki nan text sa chita sou rechèch sou popilasyon Bèlè men pa sou diferan diskou yo kap stigmatize moun oubyen zòn Bèlè. Se apre yon bon tan nou suiv vi moun yo chak jou, apre nou fin pale ak moun yo, poze yo kestyon pou refè pakou kèk moun ou kèk gwooup ladan yo, epi nou toujou konsidere lòt done yo tou. Se gras ak tout bagay sa yo ki fè nou ka prezante sistèm asosyasyon ak otorite nan Bèlè ki pa ni klè ni fasil. Nan rechèch nou an, lidè yo viv ak kominote a, avèk moun ki vle pou yon demen miyò.¹⁷ Epi tou, nou ka wè istwa sosyal ak kiltirèl zòn nan ki se yon istwa ki genyen plizyè vèsyon ki prezante tradisyon yo, asosyasyon yo, konfli yo, sèvis zam yo. Nou ka wè tou chanjman nan jan resous fanmi yo separe, nan jan moun yo viv, nan jan moun yo enpasyan e nan fristrasyon – nou pral wè sa, mo *fristrasyon* a toujou la nan tout bagay tankou ekonomi politik, konfli yo ak distribisyon resous Bèlè yo.

Travay sa te komanse sou lidè nan kominote Bèlè e spesyalman nan domèn otorite ak asosyasyon nan zòn nan. Gras a demach sa, nou kapab prezante yon « lidè kominotè ». Travay sa fè nou kapab distenge tout fòm lidè ki anvan te melanje. Genyen moun ki *lidè, notab, grannèg, chèf, chèf konbit, prezidan, samba, boss, solda, kolonel, lidè lame, bandi, ajan lyezon, oubyen pwofesyonèl du developman*. Moun sa yo toujou fè pati de yon organizasyon tankou

¹⁴ Nou kapab li ekzanp sa yo nan liv d’Etienne 2007, de Fatton 2002 ak Wargny 2004. Lundahl (pa ekzanp, 2011) se moun ki pi plis develope relasyon an ant « sou developman » (absans stati, eks.) ak « vyolans ». Si nou vle fè kritik diskou sa yo sou mank, sou absans ak vyolans, gade Evangelista (2010). Fòk nou di tou jan yo prezante Ayiti tankou peyi vyolan parèt mèm nan rapò UNDDR, kote yo di « Psyché violent haïtien » (UNDDR 2006). Si ou bezwen konen kijan moun ki rich yo panse sou moun ki nan mizè yo, gade Thomaz 2005.

¹⁵ Gade tou Smith 2001, Greene 1993, Laguerre 1975, Michel 1997, Smart 1988.

¹⁶ Dwa pou sitwayen kree asosyasyon resi sòti nan Konstitisyon 1987 la, apre rejim diktati Duvalier yo.

¹⁷ Sou respè “expectatives de la modernité”, gade Ferguson 1999.

*komite, konbit, atribisyon, tèt ansanm, ti legliz, organizasyon popilè, brigad de vijilans, lakou, katye, gwooup rara, gang, geto oubyen baz.*¹⁸

Pou nou konprann idantite yon lidè, nap pwopoze nou sa : (1) chèche konen kote yon lidè sòti, (2) rasanble tout ekspresyon ak rezon ki fè yo vin lidè, (3) gade patisipasyon lidè yo nan tout organizasyon ki rekonèt, (4) gade byen kijan lidè yo ak organizasyon yo fonksyone e kreye, (5) gade ki relasyon ki genyen ant lidè, organizasyon yo e fè yon plan kijan moun yo ap viv nan zòn nan, (6) gade ki relasyon ki genyen ant lidè yo ak kominate a, e relasyon gason ak fam e granmoun ak timoun, epi tou (7) gade ki kontak yo genyen ak pati politik, Leta, ONU ak ONG yo. Paske te toujou genyen lidè depi lontan, sa pèmèt nou poze kestyon yo dapre ki moman paske se tout yon istwa.

Teks sa se yon etid sou lidè yo mèm e sou kominate Bèlè a. Men nou pa neglige lide lòt moun yo tou tankou fonsyonè Leta, ajans entènasyonal yo ak ONG yo kap travay nan zòn nan e ki konn pwodui rapò.

Rechèch sa te fèt de mwa jen 2010 a jen 2011 avèk yon ekip du Centre de Recherche sur la Culture et l'Economie (NuCEC), ki baze sou pwogram etid superyè nan domèn antropoloji sosyal, nan Musée National nan Inivèsite Federal de Rio de Janeiro.¹⁹ Li jwenn kontak nou te deja genyen nan zòn nan depi 2007 lè nou te komanse develope pwoje « Monnaies, Marchés et Nations. Une ethnographie en/d'Haïti selon une perspective comparative ».²⁰ Li te jwenn sipò twa manb ki te vin bay èd ak moun ki te viktim nan tranbleman de tè 12 janvye 2010 la²¹ : nan organize kan yo pou moun ki te pèdi kay yo, nan distribisyon materyèl ak resansman tout moun ki te touche nan zòn Bèlè a. Pou yo te fè travay sa, se pat yon sitiasyon ki te fasil, kote tout moun sou emosyon, mèm otorite ak organizasyon de baz yo tou. Travay sa fè nou dekouvrir de aspè enpòtan nan aksyon lidè yo ak organizasyon de baz, men tou aksyon lidè yo, organizasyon yo ak ajans entènasyonal yo. De aspè sa yo te bay yon privilèj pou kan refijye ki te genyen nan zòn Bèlè tankou Lazil Kominal, Plas Lapè. Etid popilasyon nan kan yo fè bay lidè yo yon lòt imaj nan kominate a. Yo bay anpil bon enfòmasyon sou sa ki fèt nan zòn yo chak jou e lòt enstitisyon (tankou gouvènman, enstitisyon entènasyonal ak ONG yo), men tou, yo di anpil bagay sou sa kominate a ap tann e jijman kominate a ak lidè yo sou aksyon lòt enstitisyon yo.

¹⁸ Jodia, fòk nou konen mo sa yo genyen anpil siyifikasyon tankou otorite, organizasyon ak moun. Mo sa yo vle di anpil bagay pou moun kap viv nan zòn nan e ki konprann sa sa vle di.

¹⁹ Ekip la te genyen 7 manb. Apre twa moun ki ekri teks la, genyen lòt moun ki patisipe nan rechèch la : Henderson Joseph, Herold Saint Joie, Jean Luis Sergio ak Jonhy Fontaine.

²⁰ Moun ki dirije pwoje sa se Federico Neiburg, ak èd CNPq ak Faperj, men tou Laboratoire “Economie, Monnaie, Marché” de l’Institut Interuniversitaire de Recherche et de Développement (INURED, Haïti). Teks sa se yon travay kap kontinue ant ekip nou an ak Viva Rio : Neiburg ak Nicaise 2009 ak 2010.

²¹ Pedro Braum, Azevedo da Silveira, Jean Luis Sergio ak Johnny Fontaine.

Etid popilasyon a te fèt an de tan : jiyè/dawout 2010 e fevriye/mas 2011. Nan lè sa, (a) nou te genyen kontak chak jou ak lidè yo e kominote a, (b) nou te asiste anpil reunyon organizasyon de baz tankou komite, legliz, *bann rara* ak *baz*, epi tou, (c) nou te fè anpil rankont pou n te ka konn istwa 41 lidè, sa ki pral fè diskisyon pandan tout travay la sou : laj lidè yo, ki wòl fanm nan zafè lidè, ki klas yo fè lekòl, kijan fanmi lidè yo ye, kisa yap fè, kisa yo aprann yo mèm e kisa yo aprann nan fanmi yo.

II. Idantite yon lidè

41 moun nou te chwazi yo, nou te genyen tout enfòmasyon sou pakou yo dapre jan nou te planifye. Etid popilasyon a montre ke nou pa ka selèksyone nenpòt ki moun, mèm jan pa ekzamp pou manb organizasyon de baz yo oubyen moun ki siyen Akò de Pè a.

Si nou vle fè yon ti gade sou organizasyon yo, fòk nou ta poze kestyon sou kèk bagay : eske « organizasyon » sa yo rekonèt e anrejistre nan Leta, eske yo genyen so Ministè Zafè Piblik depi yo kreye ? Eske nou konprann byen organizasyon legal sa yo konn jwe wòl entèmedyè nan travay Leta ak ajans koperasyon ak lòt gwoup yo ? Eske nou tap kwè nou tap genyen yon echantiyon kote nou tap jwenn tout moun ansanm, tankou legliz, organizasyon kiltirèl ak vodou (pa ekzamp *bann rara*), e *baz* yo tou – *baz* se yon sistèm kle nan kominote a nan politik zòn nan, nou pral gade sa pi devan ?

Antouka, pou ka yon ‘lidè’, fòk ou toujou la e toujou patisipe. Kestyon sa vreman enpòtan pou lidè yo mèm men pou politik la tou, tankou nan lane 2008 ak 2009, nou te genyen chans patisipe nan kèk reunyon ki ta pral bay yon "Forum des Associations et des Leaders de Bel Air" kreye pa CNDDR. Lide forum sa pat mache. Men nan reunyon yo, nou te gade kijan yo tap diskite sou limit chak zòn (ki kote Bèlè komanse ki kote li fini ?), men tou, yo te panse kijan yo ka fè lòt organizasyon patisipe. Sa montre nou, mèm lè nou poko te komanse rechèch la, zafè chak zòn genyen lidè pa yo a te gentan yon bagay ki enpòtan pou lidè yo mèm.²²

Lòt kote, youn nan premye bagay nou ka wè nan zòn nan se kijan organizasyon de baz yo ak komite yo vin pi plis. Mèm si rechèch la pa tap fèt sou lidè yo, paske nou tap fè rechèch nan zòn nan e paske nou etranje, sa te gentan fè anpil organizasyon, anpil « notab » ki sòti nan diferan blok ak koridò mobilize pou n te fè reunyon pou akeyi nou san yo pat planifye. Tout bagay sa yo te fèt paske nou te rive nan kominote a e nou pral wè, sa pral repete anpil fwa nan rechèch la : anvan yo komanse, yo toujou fè lapriyè ; fòk tout moun siyen yon papye pou di ou la ; chak moun prezante tèt yo, yo fè konesans ; manb organizasyon komanse rakonte pwoblèm kominote a e yo komanse di kisa yo ta renmen ; apre nou fin pale, pou fini, toujou genyen yon lòt priyè. Nan diskisyon yo toujou genyen kestyon sa yo : poukisa nap chèche enfòmasyon sa yo ?

²² Lè sa, te genyen yon relasyon ant yon ekip INURED ki tap mete sou pye yon forum nan Site Soley ki te byen mache. Sa te vin ede lide difisil nan zafè otorite lokal yo.

Poukisa nou la ? Kijan nou travay ak Viva Rio ? Kestyon sa yo konn fè nou oblige esplike nou pa travay pou Viva Rio, sa ki konn fè yo poze nou yon lòt kestyon paske nou pap travay pou yon ONG. Yon lòt kestyon ankò ki se : si nou pa kapab vin fè « pwoje developman » nan zòn nan oubyen si nou pa ka « ede yo » – e se sa yo tap tann. Nou te reponn yo, nou kapab sèvi pou fè kontak pou yo ak ONG yo ; yo te dakò. Tout pandan rechèch la te genyen anpil organizasyon de baz nou te mete an kontak ak ONG.

Sa ki fè ke vin genyen tout organizasyon de baz sa yo chak jou, se paske moun yo wè kijan manb organizasyon yo ap travay ak « patnè » nasyonal ak entènasyonal yo. Sa depann kisa yo jwenn, men li ka fè organizasyon a mache tankou ak yon pwoje oubyen ak yon finansman pou yon pwoje. Non selman yo vin pi plis, men organizasyon de baz yo organize yo sou plizyè fòm : yon moun ka manb plizyè organizasyon oubyen organizasyon yo rasanble pou yo kreye yon platfòm. Pa ekzamp, *yon organizasyon ki sòti nan koridò X* ka patisipe nan *yon platfòm ki sòti nan zòn Z*. Sa ka debouche sou yon platfòm jeneral ki genyen anpil lòt platfòm ki sòti nan anpil zòn.

Vin manb yon komite oubyen patisipe nan yon organizasyon de baz, se yon bagay ki enpòtan pou moun Bèlè yo oubyen pou lidè yo. Tout 41 lidè nou te rankontre yo, yo tout se manb ou responsab yon organizasyon de baz.

Tout moun ki siyen Akò de Pè yo, yo te disponib pou fè travay sa. Pou respekte prensip rechèch la, nou pat ka tandé selman lidè ki siyen Akò yo. Men tou, jan chak lane genyen pi plis lidè kap siyen Akò de Pè a, vin chanje kijan nou ka konen kiyès ki yon lidè. Sa vin chanje kijan nou ka rekonèt yon lidè. Kalite lidè a vin yon bagay ki enpòtan. Lidè yo toujou ap bouje dapre jan moun yo ap viv ou moun ap mouri. Men tou, yo konn genyen lòt aktivite : kanpay elèktoral, lè yon pwoje pral komanse, si yap separe èd nan kominate a oubyen si genyen yon goumen apre yon aksyon vyolan, eks.

Etid sa ki fèt sou 41 lidè yo montre karaktè lidè yo chak jou e nan chak sikonstans. Sa te vin fè nou te wè tou yon moun genyen dwa lidè pou yon zòn, yon kominate, men pou lòt moun, li pa yon lidè vre paske li ka akize 1 pou yon bagay li te fè (pa ekzamp, moun nan ka di « se pa yon lidè, se yon bandi »).

Malgre tout bagay sa yo, prensip rechèch la te fè nou rive sou lidè ki te siyen Akò de Pè. Nan 41 lidè nou prezante vi yo, 4 ladan yo te siyen Premye Akò de Pè 2007 la, 12 lòt te siyen Akò 2010 la. Dapre idantite 41 lidè sa yo, yo te sòti nan zòn sa yo : 16 sou Bèlè ; 11 sou La Saline ak Fòtouron ; 6 sou Delmas 2 ; 3 sou Pòtay Sen Joseph ; 3 sou Fò-Nasyonal/ Bastia ; 1 sou Solino ; 1 sou Warf Jeremie/Pont Rouge/Fort Dimanche.

Ak premye lidè nou komanse fè kontak yo se avèk sila yo ki te deja rekonèt nou nan rechèch nou te fè anvan nan zòn nan. Gras ak sa nou te fè anvan, fè nou fè yon bon travay. Nou te

genyen chans pou nou rankontre tout kalite lidè. Byen vit, sa te fè nou wè yon gwo diferans nan laj lidè yo, nan gason ak fanm, nan nivo etid yo, nan relasyon yo genyen ak zam, ak legliz yo, ak vodou, nan mache a ak organizasyon entènasyonal yo, ak Viva Rio tou kote yo te konn kolabore pi plis.

Jan nou te di, rechèch la te komanse nan zòn nan nan mitan mwa jen 2010. Pou sa ki te fè nou vini nan zòn nan, twa moun nan ekip nou an te Bèlè nan moman tranbleman de tè 12 janvye 2010 : te genyen de ayisyen ak yon brezilyen. Yo te tou antre nan ede moun ki viktim. Tout moun kap travay pou Viva Rio te gentan mobilize byen vit pou ede moun yo nan kominote a. Sa te fèt vit, san planifye anyen, paske nan moman katastrof la VR tou nan zòn nan. *Kay Nou*, ki se yon lokal kominotè nan Bèlè, te tounen yon kan pou refijye ; nan de twa jou, te gentan genyen 2.000 moun anba tant. Yo te jwenn dlo, manje ak swen (foto). Brezilyen ki travay nan rechèch la te rete Ayiti jiska mwa daout. Lè sa, li te kanpe sou rechèch la e li te tounen yon anplwaye Viva Rio pou reprezante organizasyon an nan reunyon ak lidè kominotè yo e nan reunyon avèk ajans kap bay kob pou ede moun yo. Li tap kòdone aksyon yo, li tap tandem yo ak demann yo, li tap diskite solisyon pwoblèm yo e li tap organize aktivite (resansman moun ki refijye yo, relokalize moun sa yo ki te *Kay Nou*). Kontak nou te genyen ak lidè yo ki te patisipe nan aktivite sa yo te vin ede nou fè chwa 41 lidè pou rechèch la. Gwo evènman sa ki te bay yon eksperyans (tankou tranbleman de tè a) vin bay ekip la plis chans pou antre nan kominote a. Li fè nou te ka wè tout bagay, mèm sa ki te pi sansib, tankou pouvwa ak kijan moun yo viv nan zòn nan. Nou pral gade sa pi devan nan teks la. Ann gade kounyea kèk detay sou lavi pèsonèl lidè yo.

1. Laj

Moun ki pi jèn nan tout 41 lidè sa yo genyen 25 lane, sa ki pi granmoun yo genyen plis pase 60 lane. Mèm si, jan nou konen, sa ki fè yon jenerasyon pa defini sèlman ak laj, men nou ka wè byen vit de jenerasyon lidè. Yon jenerasyon ak moun ki genyen ant 25 ak 39 lane e yon lòt ak moun ki genyen plis pase 40 lane. Nou te poze kestyon ak 17 moun nan premye jenerasyon an e 22 nan dezyèm nan.

Jan nou pral montre ou pita, lidè ki pi granmoun yo yo te komanse depi sou peryod « Aristide I » (nan lane 1990 yo). Anpil landan yo te nan pati politik Fanmi Lavalas. Genyen ladann yo tou ki te patisipe nan batay ak zam nan lane 2004 lè Aristide te kite pouvwa. Lidè ki pi jèn yo komanse nan lane 2000. Nan lane 2004, yo te jèn anpil lè te genyen « anpil vyolans ». Yo vin grandi pandan MINUSTAH vin nan kominote a ak lòt enstitisyon « developman ». Men fòk nou sonje ke lidè yo pa selman la pou bagay politik. Jan nou te di anvan, genyen anpil lòt bagay yo fè ankò.

Anpil nan lidè nou te poze kestyon yo te gentan lidè depi nan laj 20 lane. Sa montre yon lidè komanse depi lè li jèn.²³

2. *Kote li fèt*

Dapre resansman Viva Rio te fè nan lane 2007 (RVR-2007), 63% nan moun kap viv nan Gran Bèlè yo fèt Pòtoprens. Men kantite moun ki sòti an pwovens pou vin rete nan zòn nan fasil pou konprann lè ou gade kijan laj moun yo diferan : si nou gade moun ki pi aje pase 25 lane yo, kantite lidè ki fèt nan zòn Pòtoprens lan se 40%. Nan tout lidè nou te poze kestyon yo, 34 te di yo fèt Pòtoprens, ki se 82% nan total 41 lidè nou te rankontre – ki se de fwa kantite total ki te nan resansman popilasyon a.²⁴

Pou yon lidè, genyen twa bagay ki kalifye 1 : fòk li soude ak zòn li, fòk kominote a rekonèt li e fòk yo idantifye 1. Lidè a se pou zòn li e zòn li rekonèt li. Lidè a rekonèt e idantifye pa Leta ak koperasyon entènasyonal yo. Sa ki fè yo vin rekonèt moun nan tankou yon lidè se nan sa lap fè, nan jan lap pale e jan li kapab mobilize moun pou patisipe nan reunyon. Men nou ka wè sa byen fasil, lidè yo toujou mete yon kat tankou yon chèn ; kat sa ki se yon idantifikasiyon pou di sa se yon lidè : ouswa wòl li nan yon komite oubyen nan yon organizasyon, ouswa yon idantite ak Leta (meri, biwo zafè piblik) oubyen yap travay nan yon organizasyon entènasyonal, nan yon ONG (pa ekzanp, gade foto Pingè Pingè ak anpil badj nan kou yo).

Nan lang kreyol la, si ou vle konen kote yon moun fèt, fòk ou mande 1 : *ki bò/ki kote ou fèt ?* Moun sa ap reponn ou *mwen fèt bélè*. Sa pa vle di se la moun sa te sòti nan vant manman-l, men sa vle di se la li vin gen « valè ». *Mwen fèt bélè* se yon ekspresyon pou di mwen soude ak Bèlè. Sa depann ki moman, li ka vle di tou mwen sonje sa Bèlè fè pou mwen. Nou pral montre nou pita lè nou pral gade byen vi lidè ki fèt Bèlè yo ak sa ki pa grandi nan zòn nan e ki vini pou anpil rezon – tankou avèk yon zanmi, ou avèk yon organizasyon entènasyonal (oubyen ak Viva Rio tou). Nan tout lidè ki te patisipe nan rechèch sa ki rele « Yon lidè nan Bèlè », genyen kontak ak Viva Rio jan tout moun konen kap travay nan zòn nan. Yo di nou ke yo « fèt Bèlè ». Sa vle di yon bon bagay ki ka fè Viva Rio bay yo job paske idantite a pral enpòtan nan definisyon ki pouvwa lidè a.

²³ Li bon pou nou di genyen yon enfòmasyon ki disponib sou Ayiti, ki enpòtan pou Bèlè spesyalman : pi plis laj yon moun ka viv se 57 lane.

²⁴ Se pa mèm bagay pou jenerasyon ki vin anvan a kote kantite moun ki sòt nan mòn pou vin lavil vin plis : sèlman 14 manman ak 16 papa nan lidè nou te poze kestyon yo viv nan zòn Pòtoprens lan, ki se mwatye nan 41 moun nou te pale yo.

3. Nan ki nivo lekòl li rive

Nan 41 lidè nou te poze kestyon yo, nivo lekòl yo montre yo se yon gwooup moun save devan rès kominote a. Dapre RVR-2007, 10,3% moun ki rete nan zòn nan pa janm al lekòl, 20,3% fin fè sètifika, 13,4% fin fè filo ak 3,5% fin fè inivèsite. Men nan tout 41 lidè nou te poze kestyon yo, 100% fè sètifika, 23 nan yo (56%) te komanse nan sekondè ak 12 (29%) fin fè filo. Genyen 4 ki fini nan inivèsite (10% total la).²⁵

Genyen yon gwo distans ant 41 lidè yo ak kominote a nan zafè lekòl. Lidè Bèlè yo te pase nan anpil lekòl, pi plis pase vwazen yo. Nou panse nivo lekòl lidè yo fè yo vin pi fò. Nou pral wè sa pi devan nan analiz vi lidè yo. Men nou kapab wè tou, edikasyon ak fòmasyon lidè yo ap fèt chak jou. Sa pa depann de lòt bagay nan lavi 41 lidè nou poze kestyon yo. Chak genyen yon vi diferan. Tankou nou te di : manb komite, moun ki siyen Akò de Pè, moun ki tap goumen ak zam, moun yo di se bandi. Nan yon kominote tankou Bèlè e nan yon peyi tankou Ayiti kote lekòl pa fasil, moun ki genyen chans pou al lekòl fè yon gwo diferans.²⁶

4. Ki metye fanmi yo

Rechèch sou metye 41 lidè yo fè nou tonbe nan yon sistèm ki san limit nan zòn la e ki pa ka mezire dapre rechèch la : moun yo ap toujou chèche opòtinite ak anpil metye sitou ak « travay ki pa dire », oubyen yo kapab fè anpil ti job ansanm. Pou moun ki rete Bèlè e dapre lòt moun tou, 80% moun yo « pap travay » (moun fèt e grandi konsa). Sa vin fè mo « aktivite », « pwofesyon » ak « travay » pa vle di anyen.²⁷

Genyen enfòmasyon ki enpòtan. Si nou gade fanm yo, nou wè 44,7% nan moun ki te reponn nan RVR-2007, yo di yo se machann. Se yon kantite ki anpil ki vin fè nou wè rapò gason ak fanm, men tou ki vin montre wòl fanm nan mache yo e nan lavi nan kominote a.²⁸

Si nou te vle konsantre sou manman lidè nou te poze kestyon yo, nap wè enfòmasyon yo pi fò toujou : 32% nan yo (78,8% sou 41) se machann oubyen yo te machann. Yo fè « ti biznis » pou ka sove lavi yo chak jou paske anpil moun nan zòn nan pa genyen kob, pa genyen travay, yo pap touche.²⁹

²⁵ Sou 41 moun, 4 ladann yo te fè inivèsite (preske 10%).

²⁶ Dapre rapò PNUD la nan lane 2005, kantite moun ki pa konn li nan laj 15 a 24 lane te 66,2%.

²⁷ Imagine sistèm chita san travay kote pa genyen chans oubyen pa genyen anpil chans e anpil aktivite « travay ki pa dire » oubyen travay enfòmèl. Tout sa ka fè nou wè byen sou tèm « ekonomi enfòmèl », li sòti nan « pap travay » paske « pa genyen kote moun nan ap touche ».

²⁸ Gade Mintz 1959 ak 1960 ak Neiburg 2010.

²⁹ Dapre CVR-2007, nan Bèlè, 78% nan fanmi yo genyen pi piti pase \$ 43Usd pa mwa. 37,6% genyen mwens pase \$ 1Usd pa jou. Enfòmasyon sa yo sanble ak dènye rapò PNUD (2005) ki di 75% nan popilasyon an genyen mwens pase \$ 2,5Usd pa jou.

Lè nou te gade aktivite fanmi yo, genyen yon gwo diferans tankou nou te wè l pou nivo lekòl la. Sa vle di ke moun sa yo yo genyen plis mwayen nan yon kominate ki genyen mizè. Lè nap pale de resous yo, nou pap pale sèlman pou travay ak lajan, men tou kontak, posibilité pou jwenn yon travay oubyen kontak ak lòt enstitisyon.

7 fanmi nan 41 lidè nou te poze kestyon yo (17%) te nan lame. Sa ki te vin fè nou genyen anpil enfòmasyon nan teks sa lè nou pral pale sou (a) kijan lidè vin fè genyen kontak ak zam. (b) Lè nou pale tou kote lame a te vin kraze (nan lane 1995) ki vin bay anpil moun pap travay. Nan moun sa yo, fristrasyon vin ranplase ògèy paske yo te gentan genyen yon travay nan Leta. (c) Lè nou tap gade konkat pouvwa lidè yo, genyen kèk lidè fanmi yo te genyen gwo kontak nan politik, nan gouvènman, sitout « nan Palè » oubyen zanmi prezidan. Nan tout fanmi 41 lidè sa yo, 6 te travay nan gouvènman ak politik : yon « politisyen », yon avoka, yon ajan sekirite, 2 *makout*³⁰, yon chofè Jean Claude Duvalier.³¹

Kontak politik fanmi 41 lidè nou te rankontre yo, genyen ladann yo se te manman yo ki te genyen kontak gouvènman. Dapre istwa lavi anpil lidè yo, nou wè kontak yo nan politik souvan sòti nan manman yo depi nan sa li te konn ap fè ak yo depi yo te tou piti jis yo vin jèn. Nan aktivite yo konn mene yo genyen yon lidè ki te genyen manman I nan sendika.

Men tou, zou zafè « pitit » ak « frè » 41 lidè nou te pran tan pou bay yo kestyon, sa fè nou konprann kijan fanmi lidè yo bati.

5. Fanmi, fanm ak gason, ki kote yo rete

Chak zòn Bèlè genyen yon diferans. Nan zòn yo rele « wo Bèlè a », genyen anpil kay ki genyen de ak twa etaj avèk anpil moun ; tann nap desann « anba Bèlè », nap rive nan zòn ki pi pòv yo, bò lamè a, kote kay yo fèt bò lari a, yo pa genyen bon materyo e yo toujou genyen yon sèl chanb. Men limit kote moun yo rete a pa sèlman limit ki genyen aktitive nan zòn nan. Anpil moun ki rete nan kay yo konn fanmi, youn konn lòt, yo se fanmi : tankou koridò oubyen *lakou*.³² Nan anpil ka, se pa lakay yo yo manje ; yo manje na lari a oubyen nan koridò kote yo fè manje ki rele *chen janbè* (se toujou fanm ki vann manje sa yo nan espas piblik).

Kay yo pa genyen limit paske non sèlman genyen anpil moun ki rete ladann yo men genyen tou moun kap fè de twa jou. Anpil fanm machann kap voyaje sòt Pòtoprens al nan lòt peyi oubyen

³⁰ *Tonton makout* yo se te manb yon gwoup ilegal Volontè Sekirite Nasyonal la (VSN) ke François Duvalier te fè. Men mo *Makout* la pa selman vle di moun ki genyen zam kap fè vyolans men li vle di tou moun ki patizan rejim Jean Claude Duvalier (gade Trouillot 1990).

³¹ Kantite aktivite fanmi yo se konsa : 2 pastè, 1 mizisyen, 2 machann bolèt, genyen 6 ki genyen lot aktivite tankou (fè mèb, mekanisyen ak koupe cheve) sa fè yon pakèt ti bwat ak aktivite ki toujou nan lari ak korido Bèlè – moun kap fè penti, moun kap ranje machin, moun kap fè pen ak kote moun al penyen, eks.

³² *Lakou* se yon eritaj anprovens nan sosyete ayisyèn nan (Bastien 1985, Barthélémy 1989, Herskovits 1965 [1937], Lowenthal 1987, Moral 1961). Se yon kote pou fanmi rankontre oubyen yo rete, kote moun fè vodou oubyen genyen lwa, oubyen kote ansyen fanmi yo antere (souvan se nan lakou yo antere fanmi ki mour). Men pou lakou nan PaP, pa genyen twop bagay, sèl Marcelin (1988).

lòt kote ki genyen mache (Miami, Santo Domingo, Panama). Gason yo al rete pou chèche travay nan Repiblik Dominikèn oubyen Etazini, apre yo tounen (tout 41 lidè sa yo nou te poze yo kestyon, yo genyen yon frè oubyen yon sè, yon fanmi, yon pitit nan peyi etranje).³³ Fanmi ki jèn ki rete anpwovens konn vini pase kèk jou ou kèk mwa nan Pòtoprens kay fanmi.

Nan anpil fanmi se fanm yo kap travay.³⁴ Yo okipe timoun yo, yo bay yo manje chak jou jan sa ye (nan yon zòn ki genyen anpil mizè tankou Bèlè. Souvan yo pale de manje ak dlo). Anpil nan 41 lidè nou te rankontre yo se manman yo ki leve yo, san papa, oubyen avèk yon bopè. Preske tout genyen frè ak sè ki pa genyen mèm manman mèm papa.

Jan nou te di anvan, anpil nan fanmi 41 lidè nou te rankontre yo te genyen kontak ak Leta, ak gouvènman oubyen ak politik. Fòk nou di fanmi, anpil nan lidè sa yo, pat ansanm. Genyen lidè yo te rete ak papa yo, genyen lòt yo pa janm wè 1 depi li kite kay la. Genyen anpil fanmi yo pa rekònèt yo. Genyen anpil manman yo pat madam kay papa yo, sa fè vin fè genyen anpil ki pat nan kay pa yo. Genyen anpil fanmi tou ki travay pou leve pitit li, ki peye lekòl.³⁵ Li sanble tou san kontak avèk fanmi yo, yo se toujou pitit yon moun ki fò, sa vin fè yon gwo diferans nan lavi kèk lidè. Youn nan moun nou te poze kestyon yo te sonje papa l, li pat genyen twop kontak avèl men ki te kolonel nan lame a, yon vre *granchèf*.

Men lidè nou te chwazi pou nou poze yo kestyon se te yon travay byen planifye paske nou te genyen bon kontak nan zòn nan. Ekip ki tap fè rechèch la te genyen 6 gason ak 1 fanm. Nan travay rechèch se toujou plis gason. Sa ki fè ekip la te alèz ak gason yo e ki fè tou, sou tout moun nou te poze kestyon yo, se te selman 3 fanm. Men fòk nou di genyen plis lidè gason pase fanm depi lontan – tankou nou wè nan kantite moun ki siyen Akò de Pè Bèlè a : se jis nan twazyèm siyati a vin genyen fanm (sou 29 siyati, te genyen 3 fanm).

Kontak fanm ak gason nan zafè lidè fè anpil pale e mande pou nou suiv sak pase e sak vin chanje. Jan nou te di nou an (nap wè 1 pi devan), pou yon moun vin lidè fòk li rekònèt nan zòn nan, idantifye nan zòn nan e ap defann zòn nan. Aspe sa yo montre sak fè genyen fanm lidè organizasyon (bagay nou wè chak jou jan nou pral montre w) kote lidè fanm yo vin parèt nan kèk aktivite organizasyon entènasyonal yo konn fè tankou idantifye e fòme moun nan domèn respè dwa fanm ak libète fanm – kote Leta li mèm fè yon Ministè pou Fanm ; se moun kap bay kob yo (bayeurs de fonds) ki te mande sa.

³³ Relasyon ki genyen ant fanmi ki lòt bò yo enpòtan nan vi fanmi an Ayiti sitou nan fanmi ki pi pòv yo ki toujou ap tann yon ti transfè chak mwa oubyen genyen kap sòti nan Western Union (ki fò nan zòn tankou Gran Bèlè) oubyen yo rele nan telefon.

³⁴ Genyen anpil liv ki pale sou fanmi sou zafè « « matri-focales ». Gade Marcellin 1988.

³⁵ Fòk nou sonje lekòl an Ayiti se peye mèm nan lekòl Leta.

Epi tou vin genyen yon chanjman ki se anpil fanm vin lidè : se yon lapè ak de bò ki genyen gason yo ki plis genyen yon lidè ki chita sou zam ak lidè fanm yo ki chita sou wòl fanm nan edikasyon ak fòmasyon nan Bèlè.

Pi devan nap tounen sou bagay sa yo. Li tap bon pou nou mete anpil eleman sou zafè gason ak fanm nan soyete ayisyen an, bagay ki di gason ap travay nan jaden e fanm chita lakay ak al nan mache.³⁶ Men tou, sa ka verite plis pou anpwovens. Li pap ka konsa si nou vle pale de kapital tankou Bèlè kote gason yo toujou pap travay, yo toujou rete nan lari a, genyen dèlè yo ka jwenn yon ti travay, e yap fè « politik » ak « developman ». Men pou fanm yo, se pa sa sèlman yo ka fè. Okontré. Nou vin wè sa ankò ak anpil organizasyon ki nan zòn nan ap fè fòmasyon ak politik pou mete gason ak fanm egal e fè lòt moun vin lidè. Kestyon sa yo ki pa klè sou zafè zòn ak jenerasyon ak fanm ak gason, nou pral gade l plis nan kisa ki fè fòs yon lidè, nou pral wè sa pita.

³⁶ Gade Minzt 1971.

III. Kisa ki fè fòs yon lidè

Se kounyea nou di ou rezon ki fè nou fè rechèch sa. Se pa sèlman bay definisyon lidè yo oubyen idantite lidè yo, men se pou nou konprann kisa ki fè fòs lidè yo. Se anpil chanjman nan lavi lidè yo nan yon zòn ki pa fasil e yo vin genyen yon wòl nan kominate a nan jan yo ye, nan sa yap fè ak nan desizyon yap pran ak nan jan yap diskite ak lòt moun. Yon lidè yo konen l e yo idantifye l dapre yon bagay ki te pase, dapre jan li ka reponn, jan nou te di anvan, ou ka vin lidè jodia nan yon sitiasyon e nan yon lòt, ou pa lidè. Moun yo vin lidè men yo pa fèt lidè. Se pa tout moun ki lidè.

Nan pati sa, nou pral wè twa nivo lidè : lidè kap kontwole zòn nan, lidè ki nan organizasyon de baz, lidè ki nan politik ak èd entènasyonal. Si nou gade lidè kap kontwole zòn yo, fòk nou pa blyie yon mo kle nan zafè lidè yo ki rele *baz*. *Baz* la vle di anpil bagay : (a) kote lidè a toujou ye, (b) kote yo konn fè reunyon ak (c) kote li kontwole, epi tou (d) li vle di moun ki ka goumen, ki ka aji, ki pran pozisyon, ki ka atake oubyen defann, mèm ak zam.

Ou ka jwenn yon *baz* nan yon komite, nan yon *bann rara*, ant zanmi ak lòt fòm. Men yo tout genyen de prensip sa yo ki se : pati pa yo ak dwa granmoun pa yo. Pati pa yo montre (a) genyen tout kalite *baz* (genyen *baz* se tout yon *katye*, oubyen tout yon *blok*, oubyen yon *ti kwen*) ; (b) *baz* la genyen yon fonksyònman, tout moun ansanm, se pa yon bagay san kontwol. Se yon kote genyen inite ak solidarite, ki genyen anpil polemik ak diskisyon. (c) Ou ka wè *ti baz*, ou ka wè *gwo baz*. Pa ekzamp, genyen anpil ti *baz* ki nan mèm *blok*. Yo konn vin tounen yon gwo *baz* lè genyen yon gwo gè – se sak te pase lè te genyen anpil zak ak zam anvan yo te siyen Premye Akò pou Lapè nan lane 2007 ant *baz* Bèlè ak Delmas 2. Men diskisyon an se te nan Delmas 2, « ant *baz* Delmas 2 yo mèm » e nan jwèt inite ak divize vin kreye lòt *baz* e genyen *baz* li fè vin pi gwo (yo pwofite pandan lòt *baz* ap pèdi fòs pou yo vin pi fò).

Men nan tout *baz* yo (yon *bann rara*, yon gwoup zanmi, yon organizasyon de baz oubyen yon *baz* nèg ki genyen zam pa ekzamp), genyen yon zafè dwa granmoun. Yo toujou kontwole zòn yo pandan yap pwoteje e yap ede kominate a. Yo toujou ap chèche solisyon pou « pwoblèm » yo pandan yap ede kominate a, men yon lòt kote, yap goumen ak lòt *baz* oubyen lòt lidè. Se sak fè lidè yo pi enpòtan, yo toujou la pou sa, yo genyen fòs pou fè sa chak jou, se al chèche epi separe nenpòt bagay : manje, lajan, travay (bagay ki pa dire), ak sèvis (tankou entènèt, kouran pou chaje telefon, èd pou peye lekòl ak lopital pa ekzamp), men yo toujou renmen fè zanmi ak chèche kontak.

Moun Bèlè vle vi yo « chanje », lidè yo vle sa tou, se sak fè « *baz* pa yo » ap rele yo souvan. Genyen dèlè yo jwenn plis (tankou apre tranbleman de tè a). Sa te fè moun ki pa nan *baz* yo santi yo deyò, li fè genyen moun ki fache, li fè genyen plis moun kap rele lidè yo, li fè genyen

anpil pale anpil ant ansyen ak nouvo lidè – nan kominate a, nap wè tou anpil aktivite ap vini (se pa paske moun yo genyen bezwen sèlman). Sa konn fè genyen lidè ki nan mawon tankou kite zòn nan oubyen pa pase nan yon ri ou yon koridò, sa ki pat konn rive anvan tranbleman de tè a – sa ki te konn rive souvan nan yon pwoje ONU ki te rele *Cash for Work*.

Genyen yon mo yo itilize pou di yo pa konprann, yo pa jwenn, yo pa satisfè, pou mèm fè menas, li rele *fistrasyon*. Li vle di yon bagay ki eklate. Moun ki nan *baz* yo ka pale *fistrasyon* yo devan lidè yo (jèn nan *baz* yo konn mete wòl lidè a andanje) ; lidè yo ka itilize mèm mo sa tou pou fòse pou jwenn plis nan men moun kap bay yo tankou organizasyon ONU (PNUD, DDR), organizasyon tankou BID, Bank Mondyal, USAID, Concern ak Viva Rio.

Antant ant dirijan yo ak organizasyon yo oubyen organizasyon ki pi gwo mande yon lòt planifikasyon : lòt pwoje developman, tout jan pou jwenn antant, relasyon ak Palè, oubyen aksyon ak zam. Konn genyen pwoje ki fèt nan yon zòn pou tèt lidè a pa ka kontwole *fistrasyon baz* li. Yo di sa ka fè genyen *dezòd*, dezòd sa ka fè moun ap mouri, moun al volè, moun fè kidnapping. Men sa pa rive souvan paske si genyen vyolans, sa pral fè lidè yo pèdi konfyans enstitisyon developman yo paske li pa genyen ase otorite sou *baz* li.

Bagay sa a ki se patisipe nan aktivite developman e enplike nan bagay ilegal, se yon bagay ou jwenn nan lavi lidè yo tou. Anpil nan lidè nou te poze kestyon yo, genyen ki tap travay oubyen ki te travay nan yon entitisyon Leta oubyen ONU, oubyen ajans dèd tankou USAID, men ki te patisipe nan aksyon ak zam tou.

Vi lidè nou te poze kestyon yo montre nou ki kote lidè yo sòti, tout sa yo aprann nan relasyon yo ak lòt moun, nan jan yap kreye lòt fòm organizasyon de *baz*, nan kijan pou yo antann yo – nou ka wè sa ni nan politik ni nan jan yap travay ak organizasyon nasyonal e entènasyonal. Li pral bon pou nou gade chanjman ki vin fèt nan vi lidè yo ; se pa yon bagay nou jwenn nan yon liv, men se yon realite moun kap suiv lidè yo ak *baz* yo nan kominate a. Nan dènye pati sa, nou pral montre pi plis kote fòs lidè yo sòti.

1. *Baz ak Zòn*

Premye Akò lapè (nan mwa me 2007) te respekte zòn chak lidè. Se 12 moun ki te siyen. Moun ki siyen yo nou ka wè yo nan fen dokiman. Yo divize ant 4 gwoup, chak gwoup genyen 3 moun. 4 gwoup sa yo sòti nan 4 zòn ou *baz* : Solino, Bèlè, Delmas 2 ak Fòtouron/La Saline. Nan tout Akò sa yo ki rele « Pacte pour la réduction de la violence », yo te respekte prensip zòn yo. Akò sa genyen moun nou rele Agent pour la Prévention et la Gestion des Conflits (APGC, yo rele yo tou *ajan de lyezon*). Son « rôle est de travailler pour la formation, l'éducation et l'animation des groupes communautaires de différentes familles dans le quartier, et pour la réduction de la

violence dans leur zone d'influence [...]. Il est un employé de la CNDDR qui exerce une activité civile et sociale dans son quartier, doit y avoir ses origines, y avoir son domicile et avoir la confiance et le respect de la population locale.»³⁷ Nan gwoup 41 lidè yo, genyen ki se *ajan de lyezon* nan pwoje *Tanbou Lapè* Viva Rio a.

Youn nan bagay ki pi sansib, se lidè ki patisipe nan dezameman ak lidè ki pat patisipe yo (nan aksyon DDR, aksyon CNDDR ak aksyon Viva Rio yo), swa yo pat kapab oubyen pou rezon pa yo paske yo pat la, yo pat envite yo – yon lòt bagay ki fè vin genyen plis pwoblèm pou rekonèt ak idantifye lidè yo, sa ki parèt anpil fwa nan teks la. Tankou nan tout relasyon, la tou genyen anpil bagay ki klè, genyen anpil bagay ki pa klè nan angajman ak obligasyon. Anpil santiman : angajman, opozisyon ak mank enterè.

Pou lidè ki te patisipe nan siyen Akò pou Lapè a, nou te konte tankou APCG oubyen *ajan de lyezon*. Respè Akò a nan *baz* yo pral montre ki fòs yo genyen.³⁸ Premye bagay pou nou gade se evènman ki te vin bay siyati premye Akò a ki te organize nan kad pwoje *Tanbou Lapè* a. Sa montre nou enpòtans chak zòn genyen si ou vle lapè nan Bèlè. Se te yon jou swa. Te genyen de *bann rara* ; chak te sòti nan yon zòn ki te deja nan kont (Delmas 2 ak Bèlè). Yo te sòti nan lari avèk *mizisyen* ak *fanatik* yo pou rive youn nan *baz* lòt. Men aksyon sa pat vle di se te yon defi paske *baz* yo te nan kont, men lidè yo te fè sa pou montre nou se vwazen, nou youn ka ale kay lòt. Sa ki vin fè moun yo viv youn ak lòt san vyolans.³⁹

Bann rara yo genyen yon plas ki enpòtan nan katye popilè yo nan Pòtoprens tankou Bèlè.⁴⁰ Se yon fòm organizasyon tankou tout lòt pou montre kiyès ki lidè nan kominate a. *Bann rara* sa yo reuni anpil gason ak fanm ki renmen mizik e ki konn touche lajan lè yo jwe oubyen lè yo chante byen. *Bann rara* yo genyen relasyon ak vodou. Yo toujou genyen yon « moun ki fò », tankou yon *gangan* oubyen yon *mambo* ki nan yon zòn oubyen yon *baz* asosye ak organizasyon *Ufos*.⁴¹ Genyen *bann rara* ki konn fè oubyen ki vle fè pwoje nan zòn yo tankou lòt organizasyon de baz. Pa ekzanp, nou te patisipe nan reunyon avèk yon *bann rara* nan *baz* li. Nan sal sa, te genyen anpil rasta ki konn nan aktivite kiltirel, men sitou ki konsène nan mizik ak politik zòn nan. Nan

³⁷ Akò de Pè a te vin chanje paske definisyon lidè a vin pi gwo. Nan twazèm Akò de Pè a pa ekzanp, nou vin mete kritè sa yo : « être volontaire ; avoir une moralité, une honnêteté sincère et juste ; être engagé dans des actions de développement et de promotion de la paix ; être capable de résoudre un conflit ; et ne pas être recherché par la police et être en conflit avec la justice ». Men Akò a toujou genyen zòn yo ak kijan lidè yo ye ak moun yo nan kominate a : « être originaire du quartier, être domicilié et doit jouir de la confiance de la majorité des membres du quartier. »

³⁸ Se sa nou pa wè fasil kote lapè a vle kraze ou menase. Men Akò a se yon bon bagay ki bay rezulta jiska jodia.

³⁹ Nou te pale ak Rubem Cesar Fernandes ak Robert Montinard.

⁴⁰ Wi genyen tou nan pwovens.

⁴¹ Sou *rara*, vodou ak politik, gade Mc Alister, 2002.

fen reunyon an, tankou nan tout lòt reunyon organizasyon yo, yo te fè lapriyè. Men fwa sa, se yon rasta ki te fè lapriyè a ; rasta sa te mizilman e te fè lapriyè a an arab.⁴²

Bann rara yo toujou jwe nan nwit nan lari, sitou apre kanaval, nan epòk Pak. Epòk kote genyen anpil politik, lè genyen elèksyon, *bann rara* yo toujou patisipe nan kanpay elèktoral.⁴³ Lè te genyen vyalans (ant 2004-2006), *bann rara* yo te konn jwe nan manifestasyon ansanm ak batay ak zam nan. *Bann rara* yo, dirijan politik yo ak lidè ki genyen zam yo te vin fè pati de mèm *mouvman*.⁴⁴ Pou moun ki te konn ap gade, lè *rara* yo ap jwe, sa te konn fè anpil moun ap menase yo oubyen jire yo. Yo te konn di *men rat la ap vini*, oubyen itilize lòt mo tankou *dezòd* ou *chimè*.

Jan nou te di nou anvan, *dezòd* se yon mo ki kapab montre yon sitiasyon (yon kote oubyen yon moman *dezòd*) oubyen yon lespri *dezòd* pou fè sa ki mal. Mo sa konn di tou pou akize yon moun : « li fè *dezod* ». Mo *chimè* a genyen de sans nan fransè a : *chimère*, idéaliste et monstrueux. Li toujou itilize pou sa ki mal tankou bandi, atache ak delenkan. Moun ki pat pou Aristide yo ak anpil liv ak jounal di mouvman Fanmi Lavalas la ap itilize *chimè*. Dapre yo, *chimè* yo se *baz* Aristide e yo tou mete bagay sa pou zòn tankou Bèlè, Site Soley oubyen Matisan.

Men pat genyen youn nan lidè nan zòn nan ki te patizan Aristide nan epòk sa e ki te mèm patisipe nan rezistans ak zam nan moman Aristide te exile nan lane 2004-2006, yo pat vle yo rele yo *chimè*. *Baz* la pou yo ak pou tout moun ki rete nan Bèlè anjeneral genyen yon lòt sans. *Baz* la (anjeneral) se yon espas kote moun nan santi 1 lakay li e kote li proteje 1. Se yon kote genyen anpil moun (sitou plis gason jan nou te di, mèm si lidè fanm yo pale tou de *baz* la). Se yon kote espesyal tou ki nan yon zòn ki pa two moral, kote genyen anpil limit ak diferans, jan nou te wè a, *baz* la ka deplase e yo ka itilize *baz* la.

2. Organizasyon ak Resous

Nou te deja di genyen yon pati nan ekip nou an ki te Bèlè lè tranbleman de tè a 12 janvye 2010 te pase. Mèm si kantite moun ki mouri ak kantite kay ki kraze pa katastrof sa pa ekzak, nou panse plis pase 250.000 moun ki mouri nan zòn Pòtoprens lan. Dapre ONU, 40% kay nan vil la te kraze. Mete sou fanmi ki te mouri, anpil moun oblige abandone kay yo paske yo te pè pou pat genyen lòt sekous. Genyen anpil tou ki pèdi travay yo.

⁴² Sou rasta mizilman, gade @réf.@

⁴³ Genyen dèlè nan mobilizasyon politik yo oubyen nan lòt moman nan lane a, yo konn rele *bann rara* yo vin jwe (pa ekzanp, kanpay elèktoral, yon fèt).

⁴⁴ Se sak fè se te premye sa nou te wè nan rapò DDR la (cf. UNDRR 2010). Nan fen dokiman a, nou pral tounen sou sije sa.

Bèlè te touche anpil. Byen vit apre tranbleman de tè a, lokal Viva Rio nan zòn nan te plen ak moun ki te blese ak moun kay yo te kraze. Byen vit, te gentan genyen 2.000 moun. Yo te rete anba tant, yo te jwenn dlo, manje ak swen sante. Lè nou tap pale ak lidè yo, ak manb organizasyon nan zòn nan, yo te di nou genyen 30.000 moun kap viv nan kan refijye nan zòn *Kay Nou*. Tranbleman de tè a te chanje relasyon ant moun ak zòn nan kominote a.

Paske rechèch sa te fèt pandan yon lane nan zòn nan, sa te fè nou wè chanjman yo. Kan refijye yo te tounen yon espas pou lidè yo fè aktivite pa yo chak jou. Aktivite kap bon pou yo tankou fè nouvo organizasyon, mete yo ak sak te la deja, redefini pwogram yo ak sa ki pi ijan. Patisipasyon ekip la nan ede viktim yo ak organize kan te fè nou tou genyen kontak ak lidè yo ak organizasyon yo, ak popilasyon an e ak moun ki tap bay èd. Nan yon sitiasyon grav konsa, espas sa vin pi enpòtan pou jwenn èd ak distribisyon resous – tankou tant, medikaman, manje, dlo.

Ekip la te chwazi de kan ki nan zòn Bèlè ant ri Delmas 2 e Sen Maten : Plas Lapè ak Lazil Kominal. Nou te fè istwa kèk moun ak kèk fanmi, kèk reunion ak organizasyon de baz yo. Nou te pale ak lidè yo e ak lòt moun nan katye a. Nou te gade lavi chak jou nan kan yo. Nou te suiv yon bagay ki te fè anpil pale nan kominote a : jan èd yo tap separe.

Yon lane apre tranbleman de tè a, genyen lòt bezwen, tankou ramase fatra, bati kay ak lekòl. Pa genyen moun ki konen kijan demen ap ye, si kan yo pral tounen yon lòt blok nan mèm zòn nan oubyen si yap transfere yo nan yon lòt zòn nan vil la. Men kantite moun ki rete nan kan yo montre kijan trajedi sa pòte anpil transfòmasyon pou tout moun. Lavi moun yo nan zòn nan vin chanje. Jan yo te konn separe kèk bagay nan zòn nan vin chanje tankou dlo (yon etid nou te fè ak mèm ekip la anvan)⁴⁵ : anpil kyos dlo nan ri Sen Maten ki te deja kraze yo te touche pa tranbleman de tè a, vin genyen plis moun ki bezwen dlo ; vin genyen lòt fòm distribisyon dlo nan zòn nan ak kamyon organizasyon entènasyonal yo ki tap sèvi dlo ; apre epidemi kolera vin rive, vin genyen anpil kote yo mete dlo gratis nan zòn nan. Kalite ou kantite aksyon kap fèt sou kolera yo fè anpil pale tout kote nan tout espas piblik (kote yo diskite sou avni peyi a ak sou fòm zanmitay entènasyonal). Aksyon sa yo ap sansibilize moun yo nan zòn nan paske se yon bagay ki konsène lavi pa yo mèm.

Youn nan kan yo se sou yon plas piblik nan zòn nan li ye, men tou ki akote lokal Viva Rio : sou Plas Lapè genyen yon teren foutbol pou ekip *Aigles Noirs* ki rele Pak Lapè. Kan sa genyen yon komite ki genyen 16 moun : 5 fanm ak 11 gason. Apre komite a, genyen yon brigad 20 moun ki te fòme pou sekirite a. Yo travay sitou nan nwuit. Genyen ladan yo ki te polis, ki te militè ak ajan sekirite Palè prezidansyèl. Komite a gentan mande rekonesans nan Ministè Afè Sosyal. Yo genyen yon *biwo administrasyon* nan yon tant Armée du Salut te bay yo.

⁴⁵ Neiburg ak Nicaise 2009.

Dapre manb yo, se te *notab* nan zòn nan ki te fè komite a nan demen apre tranbleman de tè a. Genyen moun ki pat viktim ki te patisipe oubyen dirije organizasyon sa tankou CSCSM, Comité de Service Civique de Saint-Martin. Li genyen tou komite ki reprezante moun ki pa genyen kote pou yo rete. Genyen ki sòti nan lòt vil, genyen ki te deja rete nan zòn nan e kay yo kraze.

Ak moun nou te pale yo, nou wè fasil kijan jèn ak fanm yo pare pou organize ak bay èd yo nan kominote a. Genyen ladan yo ki toujou ap pale di yo tal lekol ; yo panse se sa ki fè yo prepare pou organize ak ede. Si yon moun etidye nan invèsite sa fè li genyen yon diplom oubyen li konn pale anpil lang. Nou te jwenn anpil lidè konsa nan biwo administrasyon kap pale youn ak lot, kap organize aktivite e kap planifye reunyon.

Youn nan lidè nou te poze kestyon yo, li di yon lidè se yon moun « ki konen anpil moun ». Men lidè yo toujou okipe. Yo genyen anpil kontak, pa ekzanp, anvan nou komanse poze kestyon oubyen apre nou fin poze kestyon toujou genyen yon lòt moun ki tap tann pou pale ak lidè yo. Lidè yo toujou prese, chak jou yap pale e yap fè reunyon : reunyon ak moun kap bay don, ak organizasyon kap travay nan zòn nan, ak ONG, ak Leta, ak organizasyon nan lòt baz, ak lòt lidè, e fòk li pa blyie moun ki toujou ap mande li kob yo. Yo toujou ap diskite, genyen dèlè yap pale fò, yap fè jès, yap vire, yap tounen, yo fache, sa ki fè tout moun pè – bagay sa se yon bagay nèg yo toujou ap fè nan baz tanzantan ; men fanm lidè yo pa fè sa. Lidè yo pale fò tou e yo konn diskite tou, yo konn fè moun pè. Men sa ki lakay tout lidè se : yo kapab kalme tout diskisyon oubyen batay, yo ka fè tout moun *poze*.

Anpil manb nan komite kan Pak Lapè a te pran fòmasyon pou fè yo vin pi fò nan travay lidè a, tankou fòmasyon sou antant ak separe batay (pandan nou tap fè rechèch sa, nou te wè yo tap suiv kou sa nan zòn nan. Se yon organizasyon ki rele Concern ki te fè kou sa). Fòmasyon sa se yon bagay enpòtan pou fè lòt jèn vin lidè. Men tout moun ki pran fòmasyon sa, organizasyon kap travay nan zòn nan ak tout moun nan kominote a pap rekonèt yo tankou lidè.

Moun ki rete nan kan yo ak refijye yo, ak tout manb komite yo, konen se pa tout moun ki dwat nan lidè yo. Ou toujou tandé genyen bagay kap pase ki mal, tankou lajan pèdi, volè, kadejak. Toutan ou tandé moun yo ap di lidè yo oubyen manb komite yo se *poch pwela* ; sa vle di yo se volè, yo « pran tout lajan pou mete nan poch yo » - genyen yon lòt pawol tout moun toujou ap repete se *gran manjè*, ki vle di yon moun vant li pa janm plen, ki vle di politisyen ki nan koripsyon.

Zafè akize moun nan sa depann nan kisa, men se yon bagay ki fè pati de polemik ant lidè yo ak moun ki bezwen vin lidè. Yo vle akize tout sa lidè a fè. Polemik sa konn fè plis pwoje vin nan zòn nan. Chak moun ap chèche fè yon bagay diferan. Yo toujou vle mete moun pa yo pou ede, sa ki fè yo vin pi lidè.

Kan refijye fè nou wè tout polemik ki genyen ant organizasyon ak lòt ti ajans kap travay nan zòn nan, kote chak kan divize avèk logo, bandewòl chak ONG. Lidè yo konen byen kijan pou yo mache ak yo nan lojik jan enstitisyon kap bay kob yo fonksyone ak plis posibilite èd oubyen pwomè èd.

3. Politik nasyonal ak èd entènasyonal

Zafè lidè ak asosyasyon nan Bèlè, se yon bagay ki toujou ap chanje. Nou ka wè jan moun yo viv fanmi ak vwazen, antre soti sot andeyò vin lavil, nou wè organizasyon kap mache ak legliz katolik, genyen ki nan legliz pwotèstan, genyen ki nan vodou. Tout sa se jan pou moun genyen pouvwa politik, ki ka fè moun nan rekonèt nan tout sa kap pase nan peyi a. Tout moun ap tann èd : yo ka jwenn èd nan Leta, nan men militè yo, nan legliz, nan organizasyon entènasyonal, nan ONG yo.

Sitou nan istwa relasyon organizasyon de baz ak lidè, ak Leta e ak kominate entènasyonal la, genyen twa bagay ki pa klè : ki wòl Leta, ki peyi ki bay èd la⁴⁶, ki sa ki fè tout katastrof sa yo pwodui nan peyi a.⁴⁷ Nou pa vle esplike tout bagay, men nou vle montre nou kèk bagay ki enpòtan nan istwa sa pou nou kapab pi byen konprann poukisa nou fè rechèch sa.

Premye lè yo komanse « bay èd » nan peyi Ayiti se te nan lane 1915-1934 lè ameriken te okipe peyi a. Yo te komanse fè pwoje nan pwovens, yo te konn fè pwoje tankou nan sante ak agrikilti.⁴⁸ Ekspresyon ki rele *sinistre* a vle di manje gouvènman etranje ak organizasyon sosyete sivil nan Etazini ak legliz oubyen ONG bay an Ayiti paske genyen katastrof ki rive (siklòn), lè yo te okipe peyi a nan lane 1960 yo.⁴⁹

Men se lè Jean Claude Duvalier vin tonbe nan lane 1986, vin genyen plis organizasyon entènasyonal ki vin travay vreman nan zòn Bèlè.⁵⁰ Anbago ak tout kou deta lame yo⁵¹ fè genyen plis èd entènasyonal ki rive nan peyi a ki sòti nan lòt peyi (tankou USAID), tankou lòt enstitisyon (tankou PNUD, OIM) ak ONG.

Se twa jan bagay yo toujou separe : (a) nan « baz » yo, nan « popilasyon » an oubyen nan « *target groupes* », (b) nan « planifikasyon » ant kominate ak Leta, e (c) yo konn jwenn li dirèkteman nan gouvènman tankou yon èd oubyen sibvansyon. Se sa ki te genyen pa ekzanp pou « èd pou developman ak gouvènans lan » gouvènman ameriken an te bay nan lane 1990 yo

⁴⁶ Sa fè yo voye oubyen yo bloke anpil bagay yo tap voye pou peyi a e fè bese oubyen monte fòs kèk peyi sou Ayiti (ajans gouvènmantal ak ONG), tankou jodia pa ekzanp, « Gwoup Zanmi Ayiti » ki fèt apre tranbleman de tè a 25 janvye 2010 kote nou jwenn Brezil, Canada, Lafrans ak Etazini yo.

⁴⁷ Nan koperasyon entènasyonal genyen ajans ki bay èd pou developman, genyen ajans ki bay èd pou kriz oubyen katastrof (ki kapab yon enstitisyon oubyen yon biwo nan Union Eropéen ou ONU).

⁴⁸ Gade tou Schmidt 1971, Smith 2001 ak Renda 2001.

⁴⁹ Smith 2001.

⁵⁰ Nou dwe konsidere USAID te kanpe tout aktivite an Ayiti pandan rejim Duvalier a, ant lane 1963 ak 1973.

⁵¹ Anbago ak entèvansyon :1990-2004.

pou *Transition Initiative* (USAID/OIM), sa ki fè tou moun te vin konen lidè yo pi plis.⁵² Genyen anpil organizasyon nan kominote a ak lidè Bèlè ki te patisipe nan pwoje sa.

Pandan tou XX° syèk la, nou wè organizasyon ki an Ayiti yo plis sòti Etazini, men genyen lòt organizasyon ki sòti nan lòt peyi yo tou. Yon ekzanz, nan lane 1990 yo, genyen yon organizasyon fransè ki rele GRET (Association de Solidarité et de Coopération Internationale). Yo travay nan « zafè dlo ». Yo mete yon organizasyon ki travay ak Leta nan zafè dlo nan tout katye pòv yo nan Pòtoprens, tankou Bèlè. Dlo a se Leta ki te konn bay li (CAMEP). Pwoje sa te fèt ak lajan ameriken (USAID), avèk OIM, avèk Concern. Jodia, komite organizasyon dlo yo yo legal. Organizasyon sa vin ajoute sou tout lòt organizasyon ki nan zòn nan (dapre sa yap fè : tankou yon ti pon, yon wout, yap ramase fatra, yo fè kyos dlo, latrin oubyen cyber cafe). Yo tout mèm jan : prezidan, sekretè jeneral, tresoye ak lòt moun yo chwazi nan komite a ki se lidè nan zòn nan.

Entèvansyon sa yo mache ak lòt fòm asosyasyon. Anpil ladan yo, jan nou te di déjà, se pou an pwovens e yo fèt nan ale vini andeyò lavil ; se sa ki fè lavi an Ayiti : ekzanz CASEC yo (Conseil d'Administration de Section Communale), pi piti enstitisyon nan Leta.

Nan tout organizasyon sa yo ak lidè sa yo jodia, genyen ki te la depi lane 1960 yo nan aksyon ak legliz tankou "Komite Ti Legliz" (KTL). Se te yon mesaj politik ki sanble ak mèm mouvman kretyen yo te fè nan Brezil. Kote mouvman *Ti Legliz* la komanse se te nan Séminaire Salésien nan legliz Saint Jean Bosco, jan nou te di nou anvan, nan La Saline, yon zòn ki nan Gran Bèlè. Jodia, mouvman *ti legliz* la vin varye paske genyen anpil legliz pwotestan.⁵³

Lè lidè nou rankontre yo ap esplike istwa yo, genyen lòt bagay ki parèt. Genyen ki plis striktire tankou organizasyon etidyan, Scouts, Organizasyon Popilè (OP) oubyen komite vijilans yo. Genyen lòt ki pa two organize tankou *makout*, organizasyon ki nan vodou, oubyen yon organizasyon nèg ak zam.

Sa nou jwenn nan bouch lidè nou te poze kestyon yo rakonte nou istwa ki pase depi 30 lane. Avèk pawòl sa yo, lòt ti enfòmasyon vini men yo enpòtan. Youn nan sa ki fè fòs lidè yo se tout fòmasyon ak konpetans yo pran ; yon lòt se kijan yo kapab kenbe, jere relasyon pa yo ak *blan yo*. Lè nou gade rankont anvan nou te genyen ak moun yo - apre sa yo gentan vin lidè – e *blan yo* bay ajans entènasyonal ak ONG yo enpòtans nan lavi moun kap viv nan zòn Bèlè a. Depi yon misyon ki soti lot bo (organizasyon entènasyonal, legliz oubyen ONG) rive nan zon nan, se yon posibilité pou jwenn yon ti travay tankou pwofesè fransè oubyen kreyol nan yon anbasad, nan

⁵² Pwogram sa yo te fèt pou « refòm striktirèl » ke organizasyon entènasyonal yo te mande. Genyen anpil moun ki te di bagay sa se bagay « moun pa » nan pati Fanmi Lavalas Aristide tap dirije, sitou lè yo te mene l touen ak militè ameriken yo nan lane 1994 (gade Manigat ak Moïse 2001).

⁵³ Gade Hurbon 1987 ak 2000.

yon otel oubyen nan yon lòt domèn – yon ti bagay konsa kapab fè yon gwo chanjman nan lavi moun yo, genyen ladan yo ki ka vin lidè. Ann gade lavi de twa lidè.

IV. Lavi lidè yo

Lè nou gade kote chak lidè sòti nan 41 lidè nou te poze yo kestyon, nou wè fòs chak lidè diferan. Anpil nan bagay sa yo nou te deja di yo pandan tout teks la. Genyen lòt nou dwe gade plis tankou (1) lidè fanm yo, (2) metye yo genyen ak jèn yo, (3) developman se yon bagay ki moral e ka yon pwofesyon, (4) jan yo prè zam yo ak bandi yo. Bagay sa yo, nou pral wè yo lè nou pral gade lavi kèk lidè. Rechèch la baze sou lavi kèk lidè nou te poze kestyon yo nan Gran Bèlè. Men se pa yon deskripsiyon ekzat sou tout sa ki te pase nan lavi yo vre. Nou fè sa pou de bagay : pou nou pa idantifye lidè nou tap pale a (se yon angajman nou te pran avèk yo pandan nou tap poze yo kestyon), epi tou, pou nou te ka pran mwens tan pou prezante yon moun, yon bagay ki te ka fè nou pran anpil plas nan mèm iswta sa.

1. Fanm Lidè

Michèle déjà abitue ak travay sa. Chak semèn, li sòti Bèlè avèk yon gwoup moun pou al ede yo pou jwenn pyès yo tankou kat elèktoral ak paspò. Li menen yo nan Ministè ak biwo ki responsab pou bay chak pyès sa yo. Li montre yo kisa pou yo fè e genyen dèlè li ede yo ranpli kestyonè ak fòmilè yo. Travay li vin pi plis nan dènye lane sa yo paske genyen anpil moun nan zòn nan ki te pèdi pyès yo nan tranbleman de tè a 12 janvye anba dekonb. Michèle renmen travay sa. Jan yo toujou ap di « yon lidè dwe sèvi kominate a ».

Men sèvis sa « rèd ». Chak week end, chak samedi, jèn lidè sa reuni ak zanmi li ak vwazen li nan lokal organizasyon li ap dirije a (ki rele Organisation des Femmes pour le Développement de Bel Air) ; adres la se nan salon lakay li. Se la yo pale tout pwoblèm fanm nan zòn nan. Dènyeman, Michèle di nou yo genyen anpil pwoblèm ak jèn ti fi kap tonbe ansent, « yo oblige kite lekòl pou al pran swen bebe yo ». Pi gwo rèv Michèle se jwenn yon enstitisyon swa nan Leta, swa nan ONG, ki ede yo nan yon pwoje avèk jèn manman yo. Organizasyon an genyen yon pwoje pou fè yon pwogram sou sante fanm ansent ak ti bebe. Yo ta renmen fè yon lekòl pou timoun piti (jardin d'enfants). Pou tèt sa, yo chèche nan Meri, nan Ministè Sante Piblik, nan ONG kap travay nan zòn nan, men yo pa janm jwenn anyen jiska jodia. Michèle konen jan pwoje li enpòtan paske lè li te genyen 20 lane, li te ansent e se avèk anpil redi ak sipò manman 1 ak sè 1 yo ki te fè 1 fini etid li.

Aprè fè reunyon ak chèche èd, yo travay ak Leta pou konbat maladi kolera. Te genyen yon ekip ki te monte ak anpil fanm ak gason. Chak jou yo vizite tout kay nan zòn nan. Se te pou yo te ka « sensibilize ak mobilize » moun nan zòn wo Bèlè. Nan mèm moman, Michèle ap pran fòmasyon nan « gestion de conflits » ak kijan yon moun vin lidè. Fòmasyon sa se yon ONG ki

sòti nan peyi Erop ki tap bay li. Li ale kote yap fè fòmasyon yon fwa pa semèn tankou se te legliz. Sa se yon bagay ou jwenn lakay tout lidè nan zòn nan depi lane 1980 yo.

Avèk aktivite kominotè yo, Michèle ede tèt li tou. Li okipe pitit li, ki gentan genyen 5 lane, li etidye pou li ka ale nan egzamen twazyèm trimès – tout jèn yo pè – epi tou l al vann ak manman 1 nan mache Kwa Bosal kote lap vann *pèpè*. Ak kob sa, li ka jere kay la ak lekòl pitit li. Papa timoun nan rete Jacmel nan sid ès ; li di li « bay yon ti bagay tanzantan ».

Michèle sòti nan yon fanmi ki pòv. Papa l mouri depi lè li te genyen 10 lane. Li te konn travay tè yon ti kote tou prè Gonaïves, nan Latibonit. Li te vin Pòtoprens depi li piti. Se yon frè l ki te fè l jwenn yon ti travay nan mèm mache kote kounyea, ansyen mari l la ak pitit li a ap travay. Nèg la se yon chofè kamyon. Nan mache Kwa Bosal, li konn Nadège, yon fanm ki yon ti jan pi jèn toujou. Chak week end, li vini Pòtoprens pou l vann, viv li achte nan mache Leogane nan sid Pòtoprens. Yo vin marye e yo rete Bèlè, yo vin genyen 8 timoun, twa gason ak senk fi.

Michèle fèt nan lane 1985 nan kay li nan Bèlè. Li di « manmam l pat gentan al lopital ». Li grandi, li etidye, li fè lekòl primè ak sekondè nan Bèlè. Li rive jiska filo, dènye klas nan sistèm lekòl. Li te al nan egzamen, men li pa pase. Men li kontinue aprann lòt bagay. Jodia, li etidye lè li sot nan mache ak fin « ede kominote » a. Rèv li se pase nan egzamen filo pou antre nan inivèsite pou etidye kontabilite.

Jèn ti fi sa komanse aktivite tankou lidè, jan li te di nou an, lè li te fini lekòl. Sa ka genyen 4 lane depi li te genyen yon frè l (ki se lidè nan zòn nan) ki te bay li yon konsèy ki di l pou li fè kontak ak ONG kap travay nan zòn nan paske « yap chèche lidè fanm pou ede nan pwoje yo ». Michèle di li te konn ede moun yo nan zòn nan e li te konn bay timoun lesон. Apre sa, li chèche yon gwoup zanmi ak vwazen, yo fè yon « organizasyon fanm » pou yo diskite pwoblèm fanm ak fè developman nan zòn nan.

Michèle di « li di fanm yo jan li enpòtan pou yo patisipe, se pa sèlman travay gason ». Li di tou « fòk nou, famn, mete tèt nou deyò ». Ekspresyon sa se yon bagay yo toujou di lè yap pale nan reunyon organizasyon an. Se yon mesaj, li vle di : fòk fanm yo sòti nan kay, « pran lari », pou al diskite sa ki bon pou kominote a e « patisipe nan aksyon developman ».

Nan tout organizasyon ki genyen nan zòn Bèlè a, tout moun ki responsab yo oubyen lidè yo se gason yo ye. Men fanm yo di, sa vin chanje. Jodia, li fasil pou jwenn anpil organizasyon se fanm ki chèf yo. Genyen de bagay ki ka fè sa. Youn, se medam yo ki deside yo mèm toutan « pou sòti nan lari a », jan Michèle di nou, pou diskite pwoblèm e pou jwenn solisyon pou zòn nan. Men tou, genyen anpil organizasyon ak ajans entènasyonal kap travay nan zòn nan pou mete fanm yo nan tout bagay, lè yap ekri oubyen fè « pwoje developman » yo. Bagay sa yo te rive apre zòn nan te vin genyen lapè, vin genyen mwens lidè ak zam oubyen prè zam, ki se te toujou gason.

Apre kèk mwa organizasyon fin fonde nan mwa daout 2006, Michèle te ale nan Ministè Afè Sosyal pote tout enfòmasyon pou te anrejistre lan Leta. « Yon vre organizasyon dwe anrejistre », se sa lap defann. Se li mèm ak zanmi 1 ki ekri stati yo pandan plizyè mwa, avèk frè li a ki konn ede 1 ; « frè 1 genyen eksperyans nan sa », se sa li di.

2. *Yon nèg ak zam*

Kevenson fèt nan lane 1985 nan La Saline. Li grandi Pòtoprens ak Jacmel nan sid ès kote fanmi papa 1 sòti. Li pat fè anpil etid ; li te kite lekòl nan klas elementè paske pat genyen lajan. Manman 1 tap vann nan mache Kwa Bosal, pat genyen anpil mwayen pou okipe 6 timoun.

Kevenson fiyè paske depi li tou piti, li te konn toujou nan mitan granmoun. « Mwen te trè entelijan, mwen pa nan jwèt, sèlman ak granmoun », li di. Lè li te tou piti li te konn bat tanbou nan yon *bann rara*. Nan fen lane 1990 yo, li antre nan politik, komanse patisipe nan manifestasyon. Li vin patisipe nan kanpay pou Aristide Prezidan.

Apre sa, nan lane 2000, avèk yon gwoup zanmi nan lari a ak nan zòn nan, li fè yon baz ki rele *Staff Lasalin*. Lè sa, yo te deside nan politik, yo vin bon zanmi Ti Jean, yon militan fanatic Aristide, ki se yon « gwo patron » nan zòn nan.

Nan lane 2001, lè Aristide ap komanse manda 1 la, genyen anpil gwoup nèg ak zam nan La Saline ki komanse ap fòse machann pou bay kob nan mache Kwa Bosal ak kamyon kap debake machandiz. Anvan, se baz *Fòtouton* ki te konn kontwole bagay sa yo. Baz sa yo se vwazen : La Saline - Fotouron. Kevenson ak lòt manb baz la vin tounen « solda » Ti Jean. Sa « Big Boss » la te mande a, Aristide te dakò 1, te sipòte 1. Li vin fè genyen anpil gè nan baz ak baz. Anpil jèn te mouri, genyen lòt ki te oblige mawon, genyen anpil kay ki te boule nan La Saline. Apre sa, yo vin rebati nan yon pwoje lojman Leta. Kevenson te pran 4 bal. Jodia la, li genyen yon bal nan piye 1 dwat li. Li di, li toujou sonje 1.

Depi lane 2002, « gè Fòtouron ak La Saline » nan (se konsa moun nan zòn nan rele 1) fè yon ti bese. Men kounyea, Kevenson ak nèg nan baz li yo bezwen itilize zam yo ankò. Nan lane 2003, anpil gwoup ki te opozan Aristide te genyen polisye, ajan sekirite, ansyen militè, depòte, yo komanse ap fè atak sou tout baz ki se baz gouvenman, baz Aristide. Baz ki nan Gran Bèlè yo tou te reponn. Kevenson di : « li te enpòtan pou nou defann zòn nou ak Titid ».

Nan lane 2004, lè Aristide ale, sitiasyon an vin grav. Yo vin mete lòt chèf nan polis la, yo komanse maltrete Bèlè ak La Saline. Ti Jean avèk frè 1 la, avèk lòt « boss » nan tout zòn nan, yo te lanse yon « mouvman » kote yo tap preche retou prezidan elu a. Te genyen tire ant manifestasyon epi vin genyen lòt kote kap boule tankou nan mache Tèt Bèf. Avèk sa, gwoup MINUSTAH yo vin bay plis pwoblèm. Yo te touye Ti Jean.

Piti piti, baz la vin pa genyen kob. Gouvènman Aristide la vin pa la, sa fè yo pa ka fè kob ak pwoje nan zòn nan. Mache a vin pa genyen aktivite paske genyen twop vyolans. Nan lane 2006, Kevenson ak zanmi li yo komanse ap volè anba lavil la ak nan katye ki rich yo. Sa se te yon mwayen pou yo te kapab viv ak finanse « mouvman ». Nan fen lane 2006, yo te arete Kevenson. Li pase 12 mwa nan prizon. Yo te akize 1 de « asosyasyon malfetè ».

Li te sòti nan prizon nan lane 2008 paske « yo pat genyen prèv ». Li tounen La Saline. Depi lè sa, se gras a kèk ti job ak moun nan *Staff* la ki vann dwog ki fè 1 viv. Depi lane 2010 la komanse paske prizon te krase apre tranbleman de tè a, zòn la vin cho. Toujou genyen kou zam kap tire ant lapolis ak bandi ki sòti nan prizon. Kevenson deside pase kèk jou Jacmel. Apre 6 mwa, li tounen. Yo toujou konen Kevenson tankou yon *gran nèg* nan zòn nan. Se bòz li vann pou 1 viv. Men kounyea, li vann tou materyèl ki sòti anba dekonb tranbleman de tè a.

3. *Kalifikasyon ak Jenès*

Jean genyen 28 lane, li se responsab Association des Ressources Intellectuelles pour le Progrès Social et Culturel (ARPSC), kreye nan lane 2007. Organizasyon sa rekonèt nan Ministè Afè Sosyal la. Li te jwenn 18 bous pou timoun lekòl nan OIM. Li fèk komanse yon lòt pwoje pou yo fè ekip pou bale lari ak koridò nan zòn nan. Yo organize fòmasyon pou jèn ak granmoun nan sante, tankou sida ak kolera. Pandan vakans ete yo, ARPSC fè aktivite pou timoun yo, fanmi yo bay kob pou manje ak bwason. Lè se yon fèt nasyonal, tankou fèt drapo oubyen fèt lanmò Dessalines, organizasyon a konn organize fèt, dans, teat, poezi.

ARPSC se nan zòn Fòtouron li ye. Moun ki ladan yo, yo rete nan zòn nan ; yo rele tèt yo *baz* ARPSC. Depi ou parèt nan zòn nan, fasil pou wè baz la, nan koridò, nan riyèl, wap wè desen ki ekri ARPSC. Genyen kote yo konn mete mesaj tankou « lafwa, lapè ak developman » (foto).

Tranbleman de tè 12 janvye a te frape zòn nan fò. Genyen koridò tout kay yo kraze, genyen anpil dekonb pa leve e genyen vwazen ki mouri anba dekonb. Sa se te yon kestyon yo te poze nou anpil paske yo te panse nou te vini pou ede yo. Kay Jean pat kraze. Li rete nan yon gwo kay de etaj avèk anpil moun ki genyen anpil ti chanb. Genyen yon sèl twalèt pou tout moun. Anlè nèt, manman Jean rete ki se yon fanm ki pa genyen mari, ki rete ak nyès li ak lòt moun tou. Jean rete nan yon chanb anba ki endepandan. Li genyen yon kabann, yon matla « paske genyen toujou yon moun ki vini nan kay la ». Genyen yon ralonj tou ki sòti pou yo ka chaje telefòn.

Jean se katryèm nan 6 timoun yo. Anvan papa 1 te konen manman 1, papa 1 te genyen yon lòt fanm. Sa fè Jean genyen 4 frè. De sè kap viv Etazini, youn Miami, lòt la New York. Papa Jean mouri. Li te sòti Jeremie, li rive nan zòn nan nan lane 1970. « Li te rete Fòtouron » mèm lè li

toujou al vwayaje al Jeremie pou pòte machandiz. Li te mekanisyen e li te genyen yon magazén kote li vann rad. Manman Jean se yon koutiryè, li te travay la.

Papa te renmen 1 anpil. Paske li se sèl pitit li ki fini inivèsite (li etidye syans komunikasyon nan inivèsite prive Pòtoprens), men pou tout aktivite li te konn fè nan zòn nan pou ede moun yo. Jean depanse anpil pou etid li. Li fè anpil ti job. Li te genyen anpil chans pou jwenn èd fanmi li. Nan mitan tout zanmi 1 ki fè ARPSC yo, li mèm se sèl moun ki te ale nan inivèsite. Nan yo mèm, lòt moun ki pi prè 1 la, se William. Li pat genyen manman ; depi li tou piti, li grandi ak papa 1, yon *gran nèg* nan La Saline ; li te Sekirite nan Palè Nasyonal. William se yon ajan lyezon CNDDR. Li te genyen kontak ak OIM ; yo te bay premye pwoje ARPSC. Pwoje sa se Jean ki te ekri 1 ; li te tape 1 nan yon odinatè nan yon cyber cafe nan zòn nan. Cyber cafe sa, se yon pwoje zanmi zanmi 1 ap jere ; li mèm se manb nan pwoje sa.

4. Politik ak developman

Robert di li se yon « pwofesyonèl nan developman ». Li fèt nan youn nan zòn ki pi pòv nan Bèlè. Li genyen 45 lane. Fanmi li te genyen de pitit. Robert se te premye, apre sa, genyen Carole ki rete kounyea Miami. Papa 1 se te yon elèktrisyen, manman 1 se te yon machann nan mache Kwa Bosal, tou prè kay la. Paske li te gason, li te genyen anpil èd fanmi li : yo te bay kob pou li ale lekòl, rive nan inivèsite. Li diplome nan sikoloji nan Inivèsite Leta. Lè li te nan sekondè, li pat rete nan zòn nan. Li te sòti Bèlè. Li te al rete avèk kèk zanmi Matisan kote li marye e li genyen yon pitit. Apre sa, li vin divòse. Li te deja rete nan anpil kote nan vil la, men kounyea li loue yon chanb sou delmas 40.

Lè li panse sou fòmasyon li, li sonje eksperyans li te fè nan Scout lè li te piti. Li renmen di « avèk Boy Scouts », li aprann travay ak konn peyi 1 nan vwayaje nan tout pwovens yo. Li kontan pou 1 vwayaje pou 1 konen tout zòn e tout moun ak tout bezwen moun yo aprann li, tankou anpil lòt jèn nan jenarasyon pal la ; se te yon angajman pou rezoud pwoblèm yo ansanm, sitou nan zafè timoun.

Nan inivèsite a, li aprann politik ak teat. Se te nan fen pouvwa diktati Duvalier a. Moman te difisil men jèn yo te genyen anpil espwa pou Ayiti. Robert te rankontre ak de twa ansyen zanmi Bèlè. Piti piti, li tounen nan zòn nan, « kote li te fèt ». Genyen nan zanmi li yo ki te atis tankou 1, ki fè penti, mizik. Genyen ki te rasta e yo mèm respekte prensip rasta. Li pat janm patisipe nan vodou.

Genyen nan zanmi rasta sa yo ki fèt nan zòn nan. Genyen lòt ki sòti deyò ki vin angaje yo nan tout bagay politik ak kiltirel ki nan zòn nan. Genyen ladan yo ki jiska jodia yo konen yo tankou lidè Bèlè. Genyen lòt ki mouri nan batay ak zam pou te sipòte prezidan Aristide. Robert pat

janm patisipe nan aksyon vyolan, men li se zanmi moun kite patisipe. Dapre li mèm, politik se pa solisyon pwoblèm Ayiti. « Sa peyi a bezwen se developman ».

Lè li tap etidye nan inivèsite, li te jwenn yon kontak pou 1 fè kou fransè pou madam yon anbasadè. Se te premye fwa Robert te genyen kontak ak *blan*. Sa te fè li te vin genyen yon job nan yon ONG ki te sòti nan Erop pou patisipe nan pwoje developman nan nò Ayiti. Lè li te fin travay sa, li te depanse kob sa pou 1 te ale New York, li te ale konen vil la. Li te renmen l, li aprann yon ti anglè. Li te panse rete, men li tounen.

Apre sa, USAID/OIM te bay li yon job evaluasyon pwoje Bèlè. Li komanse travay pou developman nan zòn nan. Li pase nan anpil ajans ONG, tankou PNUD, Concern ak Viva Rio. Li genyen eksperyans nan aktivite sansibilizasyon ak fòmasyon lidè. Apre militè ONU te debake an Ayiti, li tap travay nan DDR, tankou *ajan lyezon* Bèlè.

Genyen lontan, li tounen vin pase jounen nan Bèlè (*mwen se moun Bèlè*). Mache nan lari ak koridò, vizite fanmi, rankontre ak lidè. Genyen kote li santi l tankou yon lidè. Robert kontwole kijan pou 1 fonksyone ak moun. Li konen kijan pou 1 jere anpil baz nan zòn nan, pou 1 chita, pou 1 pale, bay blag ak zanmi, manje oubyen pou 1 poze. Toujou genyen moun kap mande Robert lajan. Li konen kilè ki moun ki vreman merite pou 1 bay de twa goud paske genyen kap mande prete, genyen kap mande 1 pou fè kado. Sa fè youn ede lòt. Nan men Robert, toujou genyen de twa ti pyès oubyen yon posibilité pou bay yon job. Men se pa fasil yo bay fanm lajan. Robert genyen yon santiman pou fanm, mèm jan ak lidè yo ki konn genyen kontak.

Jounen li pase vit ant telefòn kap sone depi maten ak reunyon kap fini jiska swe. Robert fè anpil bagay ansanm. Li travay nan plizyè pwoje pou plizyè organizasyon ak ajans entènasyonal. Li kwe lapè se yon kondisyon pou developman e li mete tan ak fòs pou travay sou sa. Men tou, li fè lòt aktivite ak zanmi l li konen depi lè li tou piti. Li vle fè yon organizasyon Matisan pou ede timoun. Li travay avèk yon lòt gwoup pou fè yon pwoje koperativ nan zòn Okay kote li ta renmen viv lè li fin granmoun ; li ta renmen genyen yon ti biznis pou lap bay travay, pou li rete bò lanmè.

5. Sòti nan lagè pou rive nan lapè

Se te yon vandredi maten, yon ekip Viva Rio tal vizite zòn Bèlè kote tranbleman de tè a te fè plis dega pou te gade kisa yo ka fè. Chak kwen kote machin Viva Rio a te kanpe te genyen yon gwoup lidè kominotè ki vin resevwa l. Yon jou, nan fen Ri Sen Maten, ekip la te rankontre ak Toussaint ki bay nou kèk enfòmasyon sou ki kote fanmi yo al refijye. Mèm kote a, genyen yon goumen ki leve nan foul la. Te genyen yon gwo pwoblèm, genyen yon moun ki komanse tire.

Toussaint te di « tout bagay anfòm », men *blan* ki te la yo te pè anpil. Toussaint di « nou pa bezwen pè, depi se avèm nou ye, nou pap genyen pwoblèm ».

Toussaint genyen 36 lane. Li fèt Bèlè. Li se yon pitit yon ansyen militè, manman 1 se te yon machann ki sòti sid peyi a. Lè li te tou piti, manman 1 ki te yon fidèl legliz, te konen mene 1 nan legliz Sen Jean Bosco pou tande prèch Pè Jean Bertrand Aristide nan La Saline. Lè Aristide te kandida pou prezidan, li fè yon organizasyon ak jèn pou te fè kanpay pou Aristide pou organize manifestasyon, pou kole foto nan mi, pou pale ak vwazen pou vote Pè a.

Lè Aristide pran kou deta nan lane 1991, li sòti nan kanpay la paske li te pè vyolans kou deta lame ki te genyen pou chèf Jeneral Raoul Cedras. Apre twa lane, li tounen nan zòn nan lè Aristide tounen sou pouvwa. Lè Préval vin prezidan, Toussaint se te sekirite anpil politisyen nan pati Aristide la.

Nan lane 2001, Aristide te tounen vin prezidan. Toussaint toujou nan kanpay nan lari a. Lè Aristide ap prete sèman, li jwenn yon job nan APN (Autorité Portuaire Nationale). Mèm jan ak tout lòt lidè yo, li di « se sèl Aristide ki te ka fè yon nèg tankou m ki nwa, ki rasta, ki sòti Bèlè, jwenn job nan Leta ». Apre gwo mouvman opozisyon an tap fè sou gouvènman, Toussaint deside chita ak kèk zanmi pou aji pou defann manda Aristide la. Yo fè *baz Guinen*. Yo komanse fè manifestasyon ankò nan lari a ak *bann rara* ki tap fè anpil mizik, tout moun nan zòn nan te vin patisipe.

Lè Aristide vin tonbe nan lane 2004, bagay yo vin chanje. Toussaint ak zanmi li yo komanse yon mouvman manifestasyon e yo mande pou Arisitide tounen sou pouvwa. Yon ti tan apre, li mèm ak tout lòt lidè ak moun Bèlè yo pèdi travay yo te genyen nan Leta. Pandan lapolis komanse ap aji fò sou manifestasyon yo, arete moun, tire, youn nan zanmi li yo te mouri. Yo tounen Bèlè, yo chita ak lòt baz yo ak tout lòt organizasyon nan zòn nan ; yo deside fè yon « mouvman resistans ak revolusyon ». Toussaint di, « se te yon gè ki te genyen tout moun nan kominote a ki te patizan Aristide ». Mouvman sa te fèt ak zam, li te genyen yon jeneral ak anpil solda.

Mouvman sòti Bèlè pou rive Site Soley ak zam pou reaji kont lapolis. Zam yo yo te jwenn yo nan mem moun ki te travay kom sekirite ; yo te achte yo tou ak lajan kèk patizan prezidan Aristide ki te mawon Etazini – kob sa yo te konn separe pa tout chèf baz ki nan mouvman – oubyen tou genyen sa ki te déjà la depi sou Aristide.

Gè a vin pi fò nan Bèlè avèk masak lapolis ap fè nan zòn nan. Pou reponn, moun ki te nan mouvman yo komanse ap mete dife nan mache a, ap fè lòt zak. Laprès te rele mouvman sa « Operasyon Bagdad ». Yon non Toussaint pat dakò. Li di « se pat yon mouvman bandi, se te

yon gè politik, se te yon revolusyon. Men lè prizon a vin kraze, genyen anpil evade ki antre nan mouvman sa. Lè sa, mouvman fini ».

Vin genyen gè nan mitan baz yo ki vin bay anpil gè ant zòn yo, tankou Bèlè, La Saline, Delmas 2, Solino, Site Soley, eks. « Komandan revolusyon » an mouri nan lane 2006. Se yon gwoup ki te sòti nan yon lòt baz ki te vini pou fini mouvman a. Toussaint di : « yo fè plis vyolans, yo ap chèche lajan. Komandan te konen sa tap rive... Lanmò li se te yon kou. Mwen kite mouvman sa ».

Men te genyen anpil manb baz ki te nan mouvman, ki te nan gè a, lapolis ak Minustah te arete yo oubyen touye yo. Yo te arete Toussaint plizyè fwa. Pou tèt pat genyen akizazyon kont li, li te lage. Malgre pwoblèm yo, Minustah komanse yon pwogram dezameman. Lidè kominotè nan zòn nan, ladan yo te genyen kèk chèf baz, yo te dakò pou antre nan pwogram nan paske li te « kapab pòte developamn nan Bèlè ».

Nan lane 2006, Toussaint chita ankò ak zanmi li yo ki te nan mouvman ak kèk jèn nan zòn nan pou yo fè yon lòt organizasyon. Fwa sa, pou « travay pou lapè ». Yo vin jwenn ak pwogram dezameman ONU te bay la. Yon lane apre, yo jwenn Akò Lapè ki se yon antant ant tout gwo baz ki genyen nan zòn nan ki te konn ap goumen youn ak lòt. Akò de Pè sa te genyen gouvènman ayisyen (CNDDR) ak Viva Rio. « Nou te bouke fè gè. Politik la fini. Sa se moman pou developman ». Depi lè sa, organizasyon Toussaint an fè anpil pwoje tankou asènisman, sante ak jesyon konfli nan zòn nan, avèk yon ONG etranje.

V. Fen

Lè nou gade enfòmasyon rechèch nou jwenn nan lavi lidè yo, teks la vle nou konprann sosyal ak kiltirèl empòtan pou yon moun lidè Bèlè. Li bay yon fòm ki genyen anpil kalite sosyal, anpil santiman, ak jan chak lidè diferan, jan yo aji, jan youn konn lòt nan zòn nan, jan kominate a konen yo.

Jan nou te di l, nou pa vle rakonte tout lavi lidè yo men nou vle sèlman montre kisa ki fè yon moun lidè. Nou te wè tout kalite fòm lidè nan poze yo kestyon, nan gade lavi lidè yo. Nou wè lidè ki atis, ki responsab organizasyon, ki manb yon komite, ki entèprt, ki ajan lyezon, nèg ki genyen zam, eks. Nou te wè tou genyen kèk mo ki vle di lidè : *boss, chèf, samba, lidè, lidè kominate, lidè ak zam, eks.*

Nou wè tou kijan tout lidè yo genyen kontak :

- Anpil lidè genyen ant 20 ak 40 lane ; preske tout lidè yo komanse ak 20 lane.
- Depi lontan, lidè yo se te toujou gason, men jodia, komanse genyen lidè fanm kap parèt. Lidè yo toujou genyen yon diplom nan inivèsite, yo konn pale lòt lang oubyen genyen yon metye.
- Tout genyen yon pi gwo nivo lekòl pase moun ki nan zòn nan, fanm kou gason, tout kalite jenerasyon, tout kalite lidè, swa lidè ki te pwoch moun ak zam, swa lidè kap travay nan « developamn ».
- Lidè yo sòti nan fanmi ki pi rich pase fanmi lòt moun ki nan zòn nan. Yo tout sòti nan fanmi ki genyen mwayen. Anpil manman lidè yo se machann, e papa yo tap travay nan gouvènman ou lame, yo te konn touche.

Men lidè yo pa piti. Yo genyen anpil kontak. Tout nan teks la, nou te wè tout sa ki fè yon moun lidè nan yon moman, jan li ye nan mitan moun yo, jan lap aji lè genyen yon pwoblèm, jan lap tande tout moun kap pale, jan kominate a wè l. Moun sa te ka lidè nan yon moman, men nan yon lòt moman, genyen moun ki di li pa lidè. Yon moun rekonèt tankou lidè nan kominate a nan tout sa lap fè nan lavi.

Premye bagay ki pou fè yon moun lidè, se *baz* : sa vle di yon kote ki kontwole, kote tout moun kapab vin chita - li genyen dwa yon kay, yon gwoup zanmi, yon komite, yon katye, oubyen tout Bèlè. Lidè a dwe koute *baz* la e *baz* la dwe koute lidè a – youn obeyi ak lòt. Lidè pa toutjou rete nan *baz* yo. Limit *baz* la pa trase. Sa depann ki koman, *baz* yo genyen kontak, youn melanje ak lòt : genyen dèlè youn ap goumen ak lòt. Mèm jan, lidè yo ka nan plizyè *baz*.

Men tou, nou toujou jwenn lidè yo yo rekonèt yo pou yon kapasite yo genyen, swa pou yo pale oubyen pou yo rezoud yon konfli, pou ede moun yo nan kominote a oubyen pou fè lòt zanmi. Nou te wè kijan lidè reprezante baz yo devan organizasyon kap travay nan zòn nan oubyen deyò, men kijan yo separe èd yo tou nan baz yo. Lè lidè yo ap jwe wòl sa, yo vin pi enpòtan pou baz yo, se sa moun yo ap tann pou chanje lavi yo. Se sa tou Leta ak organizasyon entènasyonal ap tann pou lidè yo kapab sèvi kominote yo. Se sa lidè yo ap tann pou fè yo vin pi fò pou yo kapab genyen plis kontwol nan zòn nan ak sou kominote a.

Jan nou te di, nou montre kijan se kominote a ki fè yo lidè, lè yo komanse ap rankontre lòt moun nan zòn nan oubyen nan lòt zòn. Sa vle di yo se lidè Bèlè, yo fèt Bèlè, men tou, yo fè kontak ak lòt organizasyon tankou Leta, koperasyon entènasyonal, organizasyon kap chèche moun pou travay ak « popilasyon » ; se sa ki fè ke yo toujou bezwen idantifye e fòme lidè nan zòn nan.

Lè organizasyon entènasyonal ak Leta vle fòme nouvo lidè yo, sa ka fè anpil diskisyon. Sa ka kreye divizyon ant lidè yo ak nan kominote a (sitou nan Bèlè). Sa pral fè nouvo vin pran plas ansyen lidè yo ki ka bay yon gè.

Genyen anpil organizasyon ki pase ki rekonèt lidè yo nan tout fòm asosyasyon yo. Men istwa chak lidè se pou yon tan. Rechèch sa baze sou istwa lidè yo – limit rechèch sa komanse lè Minustah, Viva Rio, lòt enstitisyon Leta ak pwogram DDR yo rive Bèlè⁵⁴. Men rechèch la ale pi lwen : iswta politik Ayiti apre rejim diktati Duvalier a men nou te wè kijan anpil lidè ayisyen vin ap parèt tankou Jean Bertrand Aristide ; men tou, li rive jis nan istwa èd entènasyonal yo ak tout entèvansyon lamé ki sòti nan yon pwoblèm politik ki la depi okipasyon amerikèn ant lane 1915 ak 1934.

Istwa sa yo sòti nan yon rezo legliz ak organizasyon entènasyonal yo. Nan Bèlè tankou nan lòt zòn nan peyi a, aksyon yo toujou fèt avèk istwa organizasyon lokal yo. Pa genyen manti, organizasyon sa yo toujou ap travay « nan zòn yo ». Men pa sèlman sa : yo toujou fè kontak ak lòt gwo organizasyon ki travay nan peyi a, tankou Leta, gouvènman etranje yo, organizasyon entènasyonal yo ak ONG yo.

Nan tout aksyon ki ap fèt ansanm nan kominote Bèlè a (pa ekzanp, komite oubyen bann rara), nou ka wè yo sòti nan tradisyon nan pwovens, tankou *konbit, atribisyon ak tèt ansanm*. Bagay sa yo se rezulta jan Leta organize (tankou CASEC), se rezulta jan moun yo viv nan fanmi yo lakay yo (tankou *lakou*), ak jan kominote yo batí, jan yo idantifye pwoblèm yo ak jwenn solisyon nan mèn legliz ak organizasyon developman yo. An gwo, tout lidè yo genyen kontak ak

⁵⁴Nou ka mete iswta apre tranbleman de tè 12 janvye 2010.

tout organizasyon gwo tankou piti. Aksyon lidè yo se toujou nan zòn nan, nan peyi a oubyen ak organizasyon entènasyonal.

Pandan nap chèche di sa moun yo nan kominote a ak lidè Bèlè yo panse, rapò sa fè nou wè diferans ak diskou ki kont lidè yo – diskou jan nou te wè ki pale sou pa genyen mwayen, pa genyen Leta, e mete mizè ak vyolans.

Lè nou mete chak lidè nan baz oubyen organizasyon yo, nou wè anpil diferans nan kalite ak realizasyon. Jan nou te wè a, kritik sa yo se toujou istwa moun ki sispèkt, kob pèdi ak zak vyolans. Sa ki fè ke bagay sa yo toujou ap repete se paske zòn nan piti, youn kon lòt e pa genyen twop plas ant aktivite kriminèl, politik ak developman.

Rechèch sa antre nan yon realite kote politik lapè ak dezameman mete ansanm pou fè pwoje developman – sa nou sot wè yo, se politik developman Viva Rio ak anpil lidè. Istwa gè ki te genyen nan lane 2000 yo avèk *anpil bandi* (ki ap touye moun, ki ap vann dwog, ki ap fè kidnapping), bagay sa yo montre nou diferans yon lidè nan lapè ak nan vyolans ; se yon bagay ki enpòtan pou organizasyon kap travay nan Bèlè.

Rechèch sa montre nou kijan genyen limit nan « vyolans politik » ak « krim » kote nenpòt moun ka viktим. Sa melanje, jan nou te wè, lidè a se toujou pou yon tan nan yon sitiasyon : sa yon moun genyen dwa wè tankou yon krim, yon lòt ka pran l pou yon aksyon politik. Jan nou te wè tou, sa toujou mache ak moman. Vin genyen jèn ki ranplase ansyen lidè yo : pa ekzanp, rezon ki te fè genyen zam ak vyolans nan lane 2004, se pa mèm ak jodia. Nan yon ti tan, lidè ki te genyen zam remèt zam yo e jodia yap travay pou « developman » Bèlè.

Nou ka di anpil lidè Bèlè kontan paske yo te patisipe nan pwogram dezameman e yo travay pou fè politik san zam. Pou yo, se tankou yon chanjman nan lavi yo ak nan jan yap travay. Pandan yap siyen Ako pou Lapè, yap siyen pou chanjman.

Men siyen pou Lapè toujou depann sou lòt kondisyon sosyal, sou aksyon organizasyon Leta oubyen organizasyon entènasyonal yo ak ONG yo. Tout aktivite ki genyen nan zòn nan, mèm ak zam, ki pa enpòtan jodia ka vin enpòtan demen. Gwo sitiasyon tankou sa ki te pase Bèlè a ak tout santiman fristrasyon ki genyen yo ka kraze Lapè sa ki genyen jodia. Ke nou vle, ke nou pa vle, yon lidè ki genyen respè ak enflians nan yon kominote se yon moun ki enpòtan pou travay nan entegrasyon sosyal.